



IICA

Radyo Ekstansyon  
Pwojè Repèpleman Kochon

Centro Interamericano de  
Documentación e  
Información Agrícola

10 NOV 1993

IICA — CIDIA

## PWOGRAM RADYO RIRAL

3 Pawòl



Vol.: III

Piblikasyon No.: A2/HT-88-172

IICA  
C20  
M277  
v.3

Otè:

Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon





*Pou premye fwa Enstiti Entèameriken pou Kooperasyon nan Agrikilti IIKA, ajoute yon seksyon nan pwogram ekstansyon "pwojè repèpleman kochon" - yon pwogram radyo ekstansyon osèvis kominote riral-yo.*

*Direksyon IIKA/Ayiti, voye yon gwo kout chapo pou:*

*Danièle Mangonès-Dejean*

*ki Koòdonatèz pwogram radyo ekstansyon-an e ki te kreye pwogram-yo.*

*Pwogram-yo se yon rezilta demand ke abitan-yo tè fè ekip ekstansyon IIKA-a depi 1984 lè nou te kòmanse fè fòmasyon pou yo nan tout rakwen peyi-an. Pwogram sa-yo, se yon echantyon travay nou fè andeyò dirèkteman ak abitan-yo.*

*Chak jou, peyizan-yo ka koute pwogram agrikòl-yo "3 Pawòl" sou radyo, ki pataje anpil kòzman avèk yo sou elvaj bèf, poul, kabrit, milèt, chwal, kochon elatriye. Li pale-yo de rebwazman, konsèvasyon tè-nou-yo ak agrikilti an jeneral. Epitou li gen ti konsèy sou ijyèn famiyal ak sante piblik.*

*Nou swete ke avèk asistans elvè-nou-yo ap resevwa nan 50 diferan zòn peyi-an, pwogram radyo riral-lan ka ede-yo piplis e fè-yo jwenn pwòp solisyon-yo kote yo pa't gen l'espwa anvan.*

*Nou ankouraje nenpòt ki òganizasyon ki ta vle kontinye ede elvè Ayisyen-yo, pou sèvi ak enfòmasyon sa-yo.*

*Nou te rive fè pwogram sa-yo gras a asistans teknik  
RADYO NEDELEN ki te fòm 5 moun an Ayiti nan domèn  
kominikasyon riral. Nou remesye yo pou asistans sila-a*

*Percy Aitken-Soux  
Reprezantan Rezidan*

*IIKA/Ayiti*



13  
PM  
A2/HT  
88-172

00000482

## REMESIMAN

Nou konnen ke travay ekstansyon se yon travay ekip li ye.  
Donk mwen ta renmen remèsye kolaborasyon tou dabo.



Direktè Pwojè Repèpleman Kochon

Drew Kutschenreuter

ak Doktè Maureen Birmingham

Doktè Ariel Azael

Nitrisyonis Alfredo Mena

epi agronòm-nou-yo:

Willy Lamur

Michelet Mascary

Raoul Jean-Louis

Jean-Claude Beauvais

Pierre St. Leger

Renaud Jean

Enstitisyon MCC ak PADF epi Chavannes Jean-Baptiste

ak tout lòt konpratriyòt-yo ki gen enterè Ayiti nan

kè-yo.

Tout moun sa-yo te banm anpil lide pou fè diferan pwogram radyo riral-yo.

Mwen ta renmen remesye espesyalman Radyo Ayiti Entè pou realizasyon pwogram-yo epi pou asistans teknik Mano epi chèf pwodiksyon-yo-an Jean-Israel Ramo pou pasyans ak kolaborasyon-yo epi vwa-yo.

Nou apresye kreyativite elvè Grandans-yo pou diferan chante sou sante bèt ke yo te fè-nou jwenn pou diferan pwogram epitou Helen Welle pou chante sou 3 manje ak kèk lòt.

A handwritten signature in dark ink, appearing to read "Danièle Mangonès-Dejean".

Danièle Mangonès-Dejean

Kòdonatèz Radyo Ekstansyon

IICA/Ayiti



*Chak volim reprezante 20 pwogram radyo rural*

*Chak Volim represante 1 mwa difizyon*


*Pwogram Lendi jiska Jedi difize pandan 7 minit*

*Pwogram Vandredi difize pandan 15 minit*

*Chak volim gen 2 kasèt 90 minit ki ale avèk-yo*

*Kasèt sa-yo ale andeyò nan men 50 fòmàtè ki fè fòmasyon pou milye peyizan e milye peyizan sa-yo pataje konesans-yo ak milye lòt. Nou voye leson ki ekri-yo tou anplis, nou voye yon kesyonè pou'n rive konnen opinyon elvè-yo sou pwogram-nan. Ki vle di si kèk bagay pa't klè oubyen yon abitan tè manke yon pati de yon pwogram, li ka gen opotinite ratrape'l ak fòmàtè nan zòn kote l'ap travay-lan.*

*Aprè nou difize 3 mwa de pwogram diferan, nou rebran yon seri de sa ke elvè-yo remande epitou sistematikman nou rebran leson ki trè teknik-yo Plizyè fwa sou dèt fòm.*











**PWOGRAM 3 PAWOL KI NAN VOL.: III**

- . *Dlo Se Lavi*
- . *Pwoblèm Nan Pye Bèf Konn Genyen*
- . *Konsèy Sou Bèt-Nou-Yo*
- . *Maladi Chwal Ka Genyen*
- . *Konstipasyon*
- . *Dyare*
- . *Parazit Entèn*
- . *Parazit Ekstèn*
- . **DIAKOUT-LA CHAJE**
  - . *Maladi nou Rele Malaria*
  - . *Kijan Nou Ka Evite Malaria*
  - . *Absè Kay Kabrit*
  - . *Enfeksyon nan manmèl bèf - Mamit*
  - . *Kisa pou'n fè si nou Ta vle Piplis enfòmasyon  
Sou Pwogram 3 Pawòl;*
- . *Kèk Zen ki Sòti Kay Vwazen-nou an Dominikani*
- . *Rebwazman*
- . *Kòzman Chavannes Jean-Baptiste Sonje Sou tan Lontan*
- . *Kòzman Chavannes Jean-Baptiste sonje de Tan Jodi-a*
- . *Sa Ou Fè Se Li Ou Wè*
- . *Kijan Pou Pwoteje Poul-ou-yo Kont Maladi*
- . *Kisa nou Rele Enfeksyon*
- . *Esplikasyon Sou Maladi Ki Rele Roujè*
- . *Kochon Ki Pipi San*
- . *Kèk Ti Konsèy Pratik*
- . *Kijan Pou Pran Swen Zegwi Ak Sereng*
- . *An-nou Ede Pwòp Tèt-Nou*
- . *Twa Kalite Manje*
- . *Men Kèk Bagay Ki Dwe Fèt Anvan Nou Rantre Nan Rebwazman*
- . **DIAKOUT-LA CHAJE**
  - . *Konsèy Doktè Morin Sou Elvaj Lapeh*
  - . *Ti Mizik Popilè Sou Latrin*



- . *Kijan Pou'n Rete Nen Senyen*
- . *Kisa Pou'n Fè Si nou Bezwen Plis Enfòmasyon Sou Pwogram 3 Pawòl-lan*
- . *Fòk nou Plante Bwa*
- . *Konsèy Doktè Morin sou Akouchman Lapen*
- . *Swen Pou Bay Ti Lapen*
- . *Plante Bwa*
- . *Distans Pou Plante-Yo*
- . *Kijan Pou Pran Swen-yo*
- . *Manje Ki Bay Kò Fòs*
- . *Diskisyon Sou Elvaj Ant 2 Elvè Bèlans*
- . *Swen Espesyal Pou Moun Ki Trè Malad*





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdinatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM LENDI 13 MAS, 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: DLO SE LAVI - PWOBLEM NAN PYE  
BEF KONN GENYEN - KONSEY SOU BET-NOU-YO. ak Danièle Mangonès-  
Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA - Nou envite-nou pataje  
kòzman sila-yo avèk nou.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Poukisa nou di dlo se lavi? Paske dlo se youn nan bagay pi  
esansyèl pou la vi yon moun, yon bèt, yon plant. Dlo-an okipe  
anpil fonksyon andedan kò yon bèt epi nou menm kretyen vivan  
tou. Li ede kenbe tanperati kò-an. Li andedan tout tisi bèt  
lan epi li ede bèt-lan pwofite de manje'l. Kijan bèt-yo  
resewva dlo, Dan**

**NAR.1: Gen 2 sous kote bèt yo resewva dlo. Youn, se nan manje ke nou  
bay bèt-yo manje epi lòt-lan se dlo ke nou bay bèt-yo bwè.  
Eske tout manje gen dlo?**

**NAR.2: Wi, ou jwenn dlo nan tout manje. Kit se manje balanse ke  
elvè-an achte kit se manje peyi tankou fèy, fwi, elatriye.  
Manje balanse gen ti kras dlo. Li gen 10 pou san Tandiske manje**





*peyi gen 70 rive 80 pou san dlo ladan'l. Ki vle di bèt k'ap manje manje peyi-an ap bezwen mwens dlo men fòk ou bali dlo kanmèm. Kijan dlo ke w'ap bay bèt-lan dwe ye*


*NAR.1: Dlo-an fèt pou li fre - dlo-an fèt pou li pwòp (li pa dwe gen okenn lòt bagay ladan'l) epi dlo-an pa fèt pou'l gen okenn odè. Men poukisa nou bay dlo tèlman enpòtans?*

*NAR.2: Dlo-an se yon nouriti ki pi enpòtan pase tout lòt paske san dlo bèt-lan pa ka devlope, li pa ka grandi, li pa ka repwodui li pa ka bay lèt e li pa menm ka viv. Ki lòt bagay, Dan?*

*NAR.1: Si yon kochon pa egzant ap manje sèl epi li pap resevwa ase dlo, kochon sa-a ka vin konstipe, li ka pa vle manje epi sevo'l vin anfle. Lè sa-a li kapab aji dwòl kòm si li fou avèg e soud. Kochon-an ka tranble, li tonbe, bat kò'l epi chita tankou yon chyen. Yon kochon ki pwazonnen ak sèl e ki pa resevwa ase dlo ka mouri fasilman. Ki fè ke*

*NAR.2: Nou ka konstate ke tout bèt bezwen dlo, fre, pwòp e toutan, pou yo grandi byen, pou yo repwodui, pou yo bay lèt e pou fotifye san-yo - Pou yo ka dijere manje-yo e pou pwoteje ko-yo nan tan cho. Enpòtan pou nou sonje ke yon manman ki nouris bezwen plis dlo ke tout lòt bèt-yo paske pi fò lèt se dlo ke'l genyen. Men, kijan nou ta dwe ofri dlo-an?*

*NAR.1: Pa egzant, pou kochon, an Ayiti, ofri-yo dlo nan yon basen ki fèt an siman, oswa yon ganmèl oubyen yon vye chodyè oubyen nenpòt ki resipyan. Resipyan ke w'ap bay dlo-an ta dwe toujou pwòp. Si n'ap pale de dlo pou kochon, li ta bon pou'n kenbe omwens 2 gwo mamit men fòk nou mete'l nan yon resipyan ki pa twò gwo pou kochon-an pa rantre fè tout bezwen'l ladan'l. Konsa tou dlo-an ka fre e pwòp toutan. Li trè zenpòtan pou sèvi dlo plizyè fwa nan yon jounen. Kòm n'ap pale de kochon*



*poukisa ou pa bay elvè-yo valè dlo kochon bezwen an Ayiti, Ramo?*

**NAR.2:** *Kantite dlo yon kochon dwe bwè pa jou pwal depann de plizyè bagay tankou gwochè'l, laj-li epi ki kalite manje li resevwa. Si kochon-ou-lan manje yon manje ki balanse men ki kantite dlo ou dwe bali chak jou: Yon ti kochon bezwen 1 gwo mamit dlo pa jou. Yon jenn kochon k'ap grandi bezwen 2 gwo mamit dlo pa jou - Pou kochon k'ap angrese bayo 4 gwo mamit dlo chak jou. Pou manman nouris-la menm, se li ki bezwen plis fòk ou bali 7 gwo mamit dlo chak jou.*

**NAR.1:** *Lè yon kochon manje manje peyi, li bezwen mwens dlo paske kòm nou te di manje peyi gen 80 pou san dlo ladan'l. Mesye, dam, elvè-nou-yo: dlo, se lavi bèt nou-yo. Bèt ki pa jwenn dlo oubyen ki jwenn ti kras dlo, gen gwo pwoblèm pou yo devlope byen e yo pa fasil pou grandi. E bèt ki nouris-yo menm ka manke lèt e ka menm rive mouri. Si nou renmen bèt nou-yo, bayo dlo souvan.*


**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Kounye-an nou pral fè yon ti pale sou pwoblèm bèf konn gen nan pye ke nou rele pyetren. Pyetren, se yon enfeksyon nan pati sansib ant 2 zago-yo. Sa vle di, chè ant 2 zago-yo vin pouri akòz yon mikwòb. Li fè bèf-la bwate anpil. Kilè sa rive, Dan?*

**NAR.1:** *Sa rive pi fasil nan bèf ki kanpe nan labou souvan. Gen kèk ki ka refè pou kont-yo. Men san trètman, maladi sa-a ka dire pou plizyè semenn e fè bèf-la pase misè. Kisa ou ka wè lè sa rive?*

**NAR.2:** *Bèf-la pa vle manje akòz doulè-a epi li vin mèt oswa li pa bay anpil lèt. Mikwòb-la ka gate jwenti ki nan pye bèf-la tou. Pwoblèm sa-a rele atrit. Lè bèf-lan gen atrit, li ka twò ta pou trete'l e bèf-la ka bwate toutan akòz jwenti'l ki andomaje. Ki trètman ou dwe bay bèf-la? '*

**NAR.1:** *Voye bèf-la atè dousman oswa leve pye'l ak kòd. Lave pye'l*



*ak dlo epi yon dezenfektan tankou kloròks. Mete yon mezi kloròks nan 3 mezi dlo. Apre ou fin lave pye-a, tyeke si pa gen kèk pikan, mòso bwa ou lòt fatra ki te antre nan fant-lan. Si ou jwenn, retire'l. Koupe tout chè ki pouri e mouri. Kenbe bèf-la kote ki byen sèk e pwòp. Balli antibyotik tankou penisilin ou tetrasiklin pandan 6 jou.*

*NAR.2: Si enfeksyon gen tan antre andedan jwenti-a w'ap bezwen yon antibyotik ki pi fò pou trete'l tankou anpisilin. Mande yon ajan veterinè konsèy. Antibyotik ki pi fò koute pi chè. Alò eseye trete pwoblèm-lan bonè pou evite mikwòb antre nan jwenti-a.*

*NAR.1: Yon ti rezime: Lè ou sispèk yon bèf gen pwoblèm nan pye "pyetren": - Egzamine pye-a - Lave'l - Rense-li ak kloròks Kenbe bèf-la kote ki byen sèk e pwòp epi balli antibyotik tankou penisilin ou tetrasiklin pandan 6 jou.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.2: Kèk ti konsèy pou elvè ki gen bèt: Pa kite bèt pa-ou lage! Si ou kite kabrit oswa bèf oswa kochon-yo lage, yo ka antre nan yon jaden oswa machin ka frape yo. Epiou si ou kite bèt-yo lage, ou kraze pwojè rebwazman-an.*

*NAR.1: Si ou kraze pwojè rebwazman-an, ou kraze peyi-ou, ou kraze fanmi-ou ki vle di ou kraze pwòp tèt-ou. Lè ou gen bèt, kenbe yo byen mare oubyen kenbe yo andedan yon pak solid.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM-NAN AK MIZIK PRE-GRAVE**

0

1

1

1

1

1

1

1

1

1

1

1

1

1

1

1

1

1

1

1



**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean**  
**Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL JEDI 16 MAS 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: MALADI CHWAL KA GENYEN TANKOU KONSTIPASYON - DYARE - PARAZIT ENTEN - PARAZIT EKSTEN - Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Lè yon ti chwal fèk fèt, premye poupou'l rele mekonyòm. Premye poupou ti chwal-la rele mokonyòm oswa goudron. Mekonyòm-nan gen yon koulè nwa chokola e li ka pwès. Kilè mekonyòm-nan dwe sòti, Dan?**

**NAR.1: Menm jou ti chwal-la fèt, li ta dwe pase mekonyòm-nan. Lè ti chwal-la bwè premye lèt manman'l ke nou rele kolostwòm, se kolostwòm sa-a ki sèvi'l medsin pou li fè mekonyòm-nan sòti. Men, kisa k'ap rive si ti chwal-la pa rive jete mekonyòm-nan?**

**NAR.2: Ti chwal-la ap vin konstipe. Lè sa-a n'ap ka wè siy konstipasyon-yo tankou:**

- . Ti chwal-la eseye poupou, men li pa kapab**
- . Li gen doulè nan vant-li (kolik) epi l'ap bat kò'l akòz doulè-a**





*Finalman, ti chwal-la pa vle tete epi finalman li ka jwenn lanmò. Men, kisa pou'n fè si ti chwal-la pa't jete mekonyòm-la epi ou kòmanse wè siy sa-yo?*

*NAR.1: Lè sa-a, fòk ou bay ti chwal-la yon lavman. OU ka bay lavman swa ak dlo kèd epi savon, swa ak lwil kizin swa ak lwil mineral. Men ki kantite pou bay:*

*NAR.2: N'ap bay ti chwal-la 6 gwo kiyè ki menm bagay ak 60 cc nan bouch-li oswa nan dèyè'l. Li pi efikas, li mache pi vit, lè nou bay-li nan dèyè. Ou ka sèvi ak yon sereng depi ou retire zegwi-an. Si apre 1 èd tan, ou ta wè ti chwal-la pa ko kòmanse pou pou, bali yon lavman ankò.*

*NAR.1: Sa se te sou konstipasyon.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**


*NAR.1: Kounye-an nou pral fè yon ti pale sou dyare. Kisa ki kòz dyare kay yon ti chwal, Ramo?*

*NAR.2: Se akòz yon mikwòb ki atake trip ti chwal-la. Sa ka rive pi fasil si ti chwal-la pa't bwè premye lèt jiman-an ki rele kolostwòm. Ki trètman nou ka fè pou ti chwal-la, Dan?*

*NAR.1: Bay ti chwal-la sewòm oral. Mete yon sache sewòm oral nan yon lit dlo (sa vle di n'ap ranpli yon boutèy kola 3 fwa ak dlo pwòp). Nan dlo-an epi sewòm oral-lan, n'ap mete 4 pense sèl ki vle di demi ti kiyè avèk 3 gwo kiyè sik.*

*Lè ou fin melanje bagay sa-yo, mete likid-lan nan yon bibon oswa nan yon bokit ki pwòp epi bay ti chwal-la sewòm oral 4 fwa pa jou jouktan li pa gen dyare ankò. Ki lòt bagay, Ramo?*

*NAR.2: Bay ti chwal-la antibyotik tankou penisilin/streptomisin -*



*bali 3 cc penisilin/streptomisin 2 fwa pa jou pandan omwen 3 jou. Lòt bagay ou ka fè se sèvi ak anpisilin an grenn. Grenn penisilin ki gen fòs 500 miligram ou ka bay ti chwal-la 4 grenn 3 fwa pa jou pandan 3 jou. Gen antibyotik ki pi fò, men ou bezwen konsèy nan men yon ajan veterinè.*

#### **KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1:** *Nou pral pale kounye-an de pwoblèm ki frape chwal pase tout lòt: pwoblèm vè. Kisa nou rele vè?*

**NAR.2:** *Vè se yon parazit entèn li ye. Ki vle di yon parazit andedan kò bèt-la. Lè yon chwal gen vè kò'l vin sèk nèt. Tanzantan vant-li fè'l mal (li gen kolik) epi pwal-li lèd. Chwal-la pa gen fòs menm paske li an movèz eta. Ki trètman nou ka fè pou yon chwal ki gen parazit entèn, andedan kò'l?*

**NAR.1:** *Si chwal-la an movèz eta, bali vèmifij (remèd pou touye vè) chak mwa jouktan kò'l kòmanse an pi bon eta. Apre sa bali vèmifij chak 3 mwa. Tout chwal ta dwe resevwa vèmifij chak 3 mwa pou rete anfòm paske tout chwal gen vè!*

**NAR.2:** *N'ap pale-nou kounye-an de parazit eksten (ki sou po bèt-la). Pa egzanp: POU! Pou se yon ti bèt ki piti anpil men ou toujou ka wè'l si ou gen bon je. Li ka fè chwal-la grate, li ka fè chwal-la pèdi pwal-li tou. Kijan yon chwal ka trape pou?*

**NAR.1:** *Yon chwal ka trape pou lè li an kontak ak lòt chwal ki gen menm pwoblèm sa-a oubyen si li frote kote yon chwal ki gen pou te frote oubyen si li itilize yon panno ki te sòti sou yon chwal ki te gen pou. Ki trètman nou ka fè?*

**NAR.2:** *Mete 3 gwo kiyè ki menm bagay ak 30 cc MALATYONG ki gen 57 pou san fòs nan yon galon dlo. Si se malatyong an poud li gen 25 pou san fòs w'ap mete 7 gwo kiyè nan yon galon dlo epi w'ap benyen chwal-la ak melanj sila-a chak 2 semenn. W'ap fè trètman sa-a 2 oubyen 3 fwa si ou bezwen. M'ap rebran.*


**NAR.1:** *Yon lòt trètman se ASUNTOL. W'ap mete 2 ti kiyè ASUNTOL nan*



*yon galon dlo e benyen chwal-la ak melanj sa-a chak 2 semenn.  
W'ap fè trètman sa-a 2 oubyen 3 fwa. Si chwal-la gen gal, si  
chwal-la gen tik fè menm trètman ke lè li gen pou.*

*ATANSYON: Malatyong e Asuntol se PWAZON yo ye. Pa kite-yo  
kote ti moun ka jwenn-yo. Pinga ou mete-yo nan yon boutèy ki  
pa byen make.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE.**





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès Dejean  
Kòordinatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: Pwogram 3 Pawòl 17 Mas 1989**

**NAR.1: Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: DIAKOUT-LA CHAJE - AK Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite nou pataje kòzman sila-yo avèk nou. Men kisa diakout chaje pòte pou nou jodi-a**

**NAR.2: Maladi nou rele malaria epi kijan nou ka evite maladi sa-a**

**NAR.1: Absè Kay Kabrit**

**NAR.2: Enfeksyon nan manmèl ki rele mamit bèf ak kabrit konn genyen**


**NAR.1: Kisa pou'n fè si nou ta renmen piplis enfòmasyon sou pwogram 3 Pawòl epi**

**NAR.2: Kèk zen ki sòti kay vwazen nou-yo an Dominikani**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1: An nou gade ansanm kisa malarya ye? Malaria se yon maladi parazit ba-ou nan san. Se yon enfeksyon nan san ki kòz frison ak gwo fyè. Si yon moun gen malaria epi yon moustik ki rele anofèl (marengwen) pike'l, li tou lage parazit-la nan san lòt moun sa-a.**

**NAR.2: Si yon moun nan bouk-la gen palidis, tout moun ka pran maladi-a, paske si yon moustik pike moun ki gen palidis-la al pike yon bann lòt moun ki pat gen anyen, yo tout ap vin gen palidis la tou e sa ka kòz tout kominote-a pran maladi-a. Lè sa, nou di gen yon epidemi. Kisa yon moun dwe fè poul pa pran malaria?**





2

PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

17 Mas 89


**NAR.1:** Pa kite moustik - marengwen devlope nan zòn-ou. Retire tout bagay ki kapab sitire moustik ozalantou kay-la sitou kote ki gen solèy ak jaden, paske lè femèl marengwen sa-a pike yon moun ki malad epi l'al pike yon lòt moun ki pa malad li bali malarya-a. Kouvri ti bebe ak moustikè.  
Men, kijan pou'n rekonèt lè yon moun gen malarya, Ramo?

**NAR.2:** Lè yon moun gen lafyè, maltèt, li fèb, li gen frisson: ou ka sispèk moun sa-a gen malarya. Men, lafyè-la se pi gwo sentòm ki di-ou moun-nan gen malarya kidonk fòk ou obsève kèk bagay.

**NAR.1:** Konbyen moun nan fanmi-an gen lafyèv depi 2 ou 3 semenn. Eske kèk timoun nan kay-la oswa kèk lòt moun pa dòmi oubyen pa manje akòz lafyèv-la. Tyeke kou moun-nan oswa ponyèt-li pou konnen si'l gen fyè. Men kisa pou fè lè ou sispèk malarya nan yon kay?

**NAR.2:** Bay moun ki abitye gen fyè yon dòz KLOOROKIN avan fyèv-la rantre sou yo. Medikaman sa-a touye parazit ki bay malarya . Dòz oswa kantite ou bay moun-nan bwè ap anpeche malarya antre sou li menm si li pa genyen'l. Asire-ou ke moun-nan toujou gen tan pran yon ti bagay anvan li pran midikaman sa-a (menm si se yon ti tak kafe). Men kijan pou bay KLOOROKIN-NAN:

**NAR.1:** Sa se pou KLOOROKIN 150 MILIGRAM FOS. POU Yon ti moun piti ki poko gen 6 mwa w'ap bali 1 ka grenn - Pou timoun 6 mwa a 11 mwa w'ap bay demi grenn. Timoun 1 jiska 2 zan w'ap bay 1 grenn - Pou timoun 3 zan a 6 zan w'ap bay 1 grenn e demi. Pou ti moun 7 an a 11 zan 2 grenn - ti moun 12 A 14 zan w'ap bay 4 grenn epi 15 zan e pou granmoun-yo w'ap bay 4 grenn KLOOROKIN. M'AP REPRAN POU NOU...



## KONTWOL; MIZIK APROPRIYE

*NAR.2: Kounye-a nou pral fè yon ti pale sou Absè, kabrit konn genyen.*

*Abse se yon pòch anba po-a ki chaje ak pij. Si ou bay yon kabrit yon piki ak yon zegwi ki sal oswa si kabrit-la pike ak nenpòt pikan, li ka devlope yon abse kote li te pike-a. Ki trètman nou ka fè pou yon kabrit ki gen absè?*

*NAR.1: Tann jouktan abse-a byen mou epi fann li ba pou pij-la ka byen*

*koule. Rense'l byen ak dlo oswa dezenfektan tankou kloroks.*

*Trete'l ak remèd kont vè mouch pou anpeche vè mouch antre nan*

*blesi-a. Pa koupe yon abse e kite pij-la tonbe kote lòt*

*kabrit ka jwenn-li. Pij sa-a chaje ak mikwòb, donk koupe*

*abse-a kote ki pa gen kabrit ou byen boule pij-la. Sonje*

*ke menmsi nou fann yon abse e li geri, kabrit la toujou pòte*

*mikwòb la nan gòj-li e ka toujou kontamine lòt kabrit yo.*

*NAR.2: An nou fè yon ti revizyon: Lè absè-a byen mou: fann li laj*

*e byen ba pou li ka byen koule. Rense'l byen ak dlo pwòp*

*oubyen yon dezenfektan tankou kloròks. Mete remèd kont vè*

*mouch sou li. Pa kite pij la tonbe kote ki gen kabrit oubyen*

*brile pij la pou li pa kontamine lòt kabrit epi pa achete*

*kabrit ki gen absè. Kabrit ki gen abse kapab bay lòt kabrit*

*paw abse. Menm si ou fann abse yo e yo geri kabrit la toujou*

*pòte mikwòb sa-a nan gòj li e kapab kontamine lòt kabrit yo.*


*NAR.1: Kounye-a nou ta renmen ban nou yon ti reset pou fè remèd pou*

*vè mouch. Tout moun pare Eske tout moun pare Ok. N'ap pran*

*1 ka kreyolin , si nou pa gen kreyolin pran 1 ka lwuil motè*

*epi mete 4 gwo kiyè malatyong epi melanjeyo ansanm. Sèvi ak*

*remèd sa-a sou blesi-a pou anpeche vè mouch.*



**KONTWOL; MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Kisa mamit ye? Mamit se yon enfeksyon nan manmèl-la. Nou pral fè yon ti kòzman sou enfeksyon nan manmèl yon bèf ki rele mamit. Kilè sa rive, Dan?*

**NAR.1:** *Lè yon mikwòb antre nan manmèl la akòz manmèl-la te blese oswa manman-an te rete yon kote kite sal oubyen yon moun ki te vin tire lèt te gen men'l sal, bèf-la vin gen mamit, yon enfeksyon nan mamèl-li.*

**NAR.2:** *Lè sa rive, manmèl-la vin cho e anfle. Lèt-la seche oswa li kaye oswa li ka gen kèk ti boul ou san andedan'l. Manman-an ka gen lafyèv epi si manmèl-la fè'l mal anpil, li ka pa kite ti bèf-la tete menm. Ki trètman ou ka fè?*


**NAR.1:** *Trètman ki pi enpòtan-an se tire tout lèt nan manmèl-la plizyè fwa chak jou (omwen 6 fwa pa jou) jouktan li geri. Epi bay manman-an antibyotik tankou penisilin oswa tetrasiklin. Gen pomad antibyotik ki fèt eksprè pou sa. Si ou ka jwenn li fè pomad-la antre nan pwent tete yo. Ou fè sa apre ou fin tire lèt-la denye fwa a chak jou pandan 2 ou 3 jou. Men kijan pou evite pwoblèm sa-a?*

**NAR.2:** *Kenbe vach-la byen pwòp sitou pandan l'ap bay lèt. Pa kite li kanpe nan labou. Evite manmèl-la vin blese. Lave tete yo anvan ou tire lèt-la. Tire lèt-la ak men pwòp. Seche manmèl-la anvan ou tire lèt-la. Epi lè ou fin tire lèt-la, tranpe pwent tete yo nan yon dezenfektan tankou kloròks ou iyòd pou evite mikwòb antre ladan-yo.*

**NAR.1:** *Sa sete kèk konsèy Doktè Morin sou kijan poun pran swen yon bèf ki gen enfeksyon nan mamèl ki rele mamit.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**DE PWOGRAM VANDREDI 17 FEVRIYE DE: NOU TA RENMEN ENVITE ELVE-NOU-YO EKRI NOU, SI.....**



JISKA: E ROSEAUX: GILBERT ST JUSTE (PRE-GRAVE)

KONTWOL: MIZIK POPILE

NAR.2: Ekip ekstansyon IKA te fè yon ti vwayaj nan peyi vwazen-nou Dominikani pou vizite yon exposisyon agrikòl pou ankouraje elvè Dominiken-yo gen otonomi-yo ak vach letyè-yo. Ki vle di, ak bon bèf yo leve, ak bon manje, ak bon kantite lèt yo rive pwodui, Dominikani, pa'p bezwen fè rantrè lèt lòt peyi lakay-li. Lè sa-a yo ka gen otonomi-yo nèt.

Eske ou ka di-nou ki kote ekspozisyon sa-a te fèt?

NAR.1: Ferya sa-a te fèt nan kapital-la, nan Santo Domingo. Nou te wè de vach ki te gwosè yon kay. Kèk ras ki rele zebu epi kèk lòt ki rele Holstin. Nan peyi Nòdwès d'Ayiti nou fèk resevwa kèk bèf zebu. Se bèf ki bay bon randman nan peyi tropik kote ki fè cho anpil epi ki pa gen anpil dlo. Nou te ka wè elvè Dominiken-yo te gen anpil fyète pou bèt-yo. Pa sèlman bèf, Yo te gen bèl ras kabrit, kochon, poul, chwal epi de ras milèt ak bourik ki fè 2 fwa gwosè bèl chwal nou konn wè nan peyi nou.

NAR.2: Kisa ki fè nou gen gwo diferans konsa ant 2 peyi nou-yo? Menm tè-a pa vre?

NAR.1: Elvè Dominiken-an pran anpil swen pou li pa kwaze bèt-li yo ak menm fanmi pou yo pa gen konsanginite. Nou sonje? Konsanginite ki vle di maryaj san ki bese ras-la. Sa, se youn. Pa egzanp, pou bèf-yo, yo fè fwèn pou itilize nan tan sèk epi yo mete bèf yo nan patiraj - yo fè yon sèka nan plizyè patiraj kote yo fè zèb pouse espesyalman pou bèt-yo. Epi lè bèf yo fin manje zèb yo yon kote, yo mete yo lòt kote zèb-lan an kantite epi fre.

NAR.2: Yon lòt bagay ke ekip Ekstansyon IKA'a te gen okasyon fè, se patisipe nan yon fòmasyon ke Sèvis Sosyal Egliz Dominikèn, Pwojè Heifer ak Sant Kapasite ak Teknik pou Femye-yo, te





*envite-yo swiv. Ti fòmasyon sila-a te sou mamit - enfeksyon nan manmèl ki konn rive bèf ak Kabrit.*

*NAR.1: Te gen yon bon echanj ak ekip Ayisyèn-nan, ekstansyonis Dominiken-yo epi kèk elvè Dominiken tou. Kèk ladan-yo te gen chans fè yon kout pye Lagonav. Yon te bannou bon koud men apre inondasyon nan zòn sila-a*

*NAR.2: Ekip Ekstansyon IKA-a te gen opòtinite vizite yon elvè ki gen vach letyè (bèf ki bay lèt). Sa se te reyèlman yon gwo zen. Yo te gen 3 moun pou tire lèt pou 50 vach chak jou.*

*NAR.1: Yo te montre nou kijan yo byen lave bèt-yo, manmèl-yo, men moun ki pral tire lèt-la epi apre kijan yo byen seche manmèl yo tousa anvan yo tire lèt-la. Yo fè tout bagay sa-yo pou evite bèf-la gen mamit - enfeksyon nan manmèl. Bèf sa-yo manje zèb ak sipliman mineral epi yo rive bay 8 lit lèt chak jou.*

*NAR.2: Anpil elvè Dominiken te enterese konnen sityasyon bèt-nou-yo an Ayiti epi diferan eksperyans ke nou fè nan diferan bèt ke nou elve bò isit. Sa se te reyèlman yon bon echanj ant 2 peyi nou-yo.*

*NAR.1: Kounye-an yon ti nouvèl sou bò lakay-nou. Semenn sa-a Doktè Morin, ak ajan veterinè/ekstansyonis Jean-Claude Beauvais epi kèk fomatè nou yo nan jeremi ap fè yon fòmasyon sou elvaj kabrit nan zòn sa-a.*

*NAR.2: Nou espere ke nouvèl elvè peyi Dominikani ta ankouraje nou menm Elvè d' Ayiti fè yon ti jefò pou bay bèt-nou-yo plis swenyaj paske: SA OU FE SE LI OU WE E*

**NAR.1 & 2: EVITE MIYO PASE MANDE PADON**

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK APROPRIYE PRE GRAVE**





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Kòordinatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL LENDI 20 MAS 1989**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: REBWAZMAN AK KEK KOZMAN CHAVANNES  
JEAN BAPTISTE, KODONATE MOUVMAN PEYIZAN PAPAY SONJE SOU TAN  
LONTAN EPI AP DI-NOU DE TAN JODI-A. Ak Danièle Mangonès-Dejean,  
reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite-nou pataje kòzman  
sila-yo avèk nou.**

**KONTWOL; MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Rebwaze vle di bwaze ankò. Bwaze se plante bwa. Men, poukisa  
bwaze?**

**NAR.1: Paske nou pa te sonje plante bwa tout tan nou t'ap koupe yo.  
Kounye-a fòk nou rebwaze!**

**NAR.2: Men, Dan, koze rebwazman-an se yon koze ki mande chèz. Se nou  
tout k'ap viv nan peyi-a ki dwe reflechi sou koze sa-a. Apre  
nou fin reflechi, fòk nou leve kanpe, touse ponyèt-nou, touse  
janm kanson-nou epi foure tèt nou nan plante pyebwa. Afè  
rebwazman pa gen "ma gen tan", pa gen "tann demen", paske si  
nou di "na gen tan" n'ap tonbe nan "s'in te konnen". Peyi  
fin pèdi vizaj-li. Li defigire nèt, li prèt pou'l mouri.**

**NAR.1: Ayiti sete yon paradi ak bèl plenn bwa toupatou, kounye-a li  
fin tounen lanfè. Mòn-yo ki te fè bèlte peyi-a ak bèl koulè  
vèt, kounye-an yo rete ak dan-yo tou griyen. Kounye-a nou**



*pral rakonte-nou BAGAY CHAVANNES JEAN-BAPTISTE KOODONATE  
MOUVMAN PEYIZAN PAPAYE SONJE DE TAN LONTAN:*

*NAR.2: M-sonje lè'm te piti, papa'm te gade anpil bèf nan mòn ki rele  
Chen-Penkwa nan Plato Santral-la. Bèf-yo te konn viv nan yon  
ti zòn ki rele myèl-Nechèl ak yon lò kote yo rele Mapou. Lè  
nou te bezwen kenbe yon bèf sete tèt chaje paske se andedan  
gwo plenn bwa nou te bije mache, se vironnen nou t'ap vironnen  
dèyè pyebwa. Nou te gen dwa preske frote nan kò yon bèf, nou  
pa't fouti wè'l.*

*NAR.1: Nan tout zòn-yo se te menm bagay: Mòn Ferye, Mòn Chwal, Mòn  
Fèfèt elatriye. Nan tout zòn sa-yo lè yon moun te vle fè yon  
kay, li te antre nan plenn-nan yon sèl jounen, yon sèl kote,  
li te kanpe, li te koupe tout bwa li bezwen. Se brode li t'ap  
brode pou chwazi bwa. Te genyen tout kalite bwa. POu klise  
yon kay, se sèl kaymit ki te gen la vwa.*

*NAR.2: Nan tan sa-a, lè yon moun te vle fè yon moulen kann an bwa,  
pa't gen pwoblem pou jwenn gwo bwa pou fè wòl sa-a, dal-yo,  
kannòt-yo. Nan tan sa-a yon sèl kajou yon nonm te siye te  
ase pou femen yon kay. Afè bwa pou bouyi dlo kann, fè kasav,  
ou te jwenn sa toupatou san pwoblèm.*

*NAR.1: Nan tan sa-a, m'pa te janm wè kote yo fè fou chabon nan zòn-nan  
Nan tan sa-a tout larivyè te pi gwo, tout basen yo te pi bèl,  
sous-yo te bay plis dlo, yo te pi bèl, pi fre.... Nan tan sa-a  
tout ti ravin te konn gen anpil dlo. Yo pa't konn teri nan  
lesèk. Nan tout ravin-yo, te gen bèl basen. Pyebwa te aliyen  
bò e babò. Dlo t'ap gaspiye toupatou. Tan sa-a m'ap paie la-  
a, se kònsi se lontan. Poutan se 20 - 30 ane sèlman, paske*



*mwen menm se yon ti moun ayè maten.*

*NAR.2: Li ta bon pou ou menm kote ou ye-a tou, fè yon ti gade, fè yon ti reflechi sou kominote-a, jan ou te konnen'l nan tan pase ak jan ou wè'l jodi-a. M-kwè, ou kab konstate menm siy sa-yo nan zòn pa-w tou. Mwen sèten, fòk ou wè anpil chanjman nan zafè bwa tou, nan mòn-yo, nan dlo-yo.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.1: Sa sete sa Chavannes Jean Baptiste sonje de tan lontan, kounye an nou pral rakonte-nou kisa'l di de tan jodi-a:*

*NAR.2: Jodi-a, yon moun mèt kanpe nan vil Inch, li kab konte konbyen dan mòn-yo genyen. Dan mòn-yo rete tou griyen. Mòn-yo ki te vèt kon poro tounen blanch kon pèkal. Mòn-yo toutouni tankou boutèy. Pa gen lonbraj pou bèt yo ankò.*

*NAR.1: Jodi-a lè yon moun vle fè yon kay, se tankou vonvon k'ap plenyen. Li pa fouti jwenn bwa. Se toupatou l'ap kouri. Li bije pran plizye mwa ap kouri pou boske kèk vye bwa tou malfèt. Pafwa se byen lwen li bije kouri kote yon moun ki gen yon ti mòso plenn rezèv. Kounye-a yon pye kanpèch, se yon boul lò sa ye.*

*NAR.2: Jodi-a m'pa wè bèl planch kajou ankò. Se ti planch lajè plat men-ou ou jwenn. Afè bwa pou bouyi dlo kann se tèt chaje nèt. Se bwa mango moun yo kòmanse debranche pou bouyi dlo kann. Anpil kote moun yo pa jwenn ni dlo ni bwa pou yo fè manje. Jwenn manje deja se tèt chaje, m'ap mande kote n'ap prale? Kote sa ap mennen? Kote Ayiti Toma ap pran?*

*NAR. 1: Sityasyon sa-yo, m'wè-yo tout kote'm pase. Kèlkeswa kote ou ye nan peyi-an, m-soupriye-ou, angras, pou fè yon ti kout je. Apre sa, fè yon ti refleksyon. Rele moun bò kote-ou, fè yo chita avèk ou. Fè ti kout je devan dèyè, adwat, agòch. Poze tèt-ou kesyon sa-a. Kote'n prale Kote Ayiti Toma ap pran?*





*Si apre 20 - 30 ane, bagay la gentan grav konsa, kote n'ap  
ye nan ane 2000? Jodi-a, peyi-a panta. Si nou pa prese  
kenbe'l, demen l'ap tonbe e li pap fouti leve ankò. Sak fè  
sa*

*NAR.2: Bwa se yon bagay ki genyen yon pakèt enpòtans. Si yon moun pa  
janm reflechi sou sa, ou pa janm kab dekouvri tout. Bwa se  
poto lavi-a. San bwa pa gen lavi. San bwa pa gen peyi, san  
bwa, peyi-a se lanfè.*

*NAR.1: San bwa lavi pa posib. Tout moun bezwen bwa an ayiti pou yo  
fè: Manje pou'n manje*

*NAR.2: Kay pou'n rete*

*NAR.1: Mèb pou kay nou*

*NAR.2: Lonbraj pou bèt nou*

*NAR.1: Nou bezwen bwa pou kenbe tè nou-yo*

*NAR.2: Nou bezwen bwa pou pwoteje dlo nou-yo*

*NAR.1: Menm lè nou mouri, nou bezwen bwa pou fè sèkèy. Si nou gen  
anpil bwa, nou kab jwenn pou fè papyè ak anpil lòt bagay nou  
bije achte nan peyi etranje. Avèk tout bezwen sa-yo, fòk nou  
sèvi ak bwa. Plis peyi-a peple, plis li bezwen anpil bwa pou  
tout bagay.*

*NAR.2: SE JODI-A MENM POU NOU METE MEN, DEMEN AP TWO TA. SONJE NOU  
TOUT RESKONSAB*



 A: **PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

DE: *Danièle Mangonès-Dejean*  
*Koòdinatèz Radyo Ekstansyon*

POU: **PWOGRAM 3 PAWOL MADI 21 MAS 1989**

NAR.1: *Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: SA OU FE SE LI OU WE - KIJAN POU PWOTEJE POUL-OU-YO KONT MALADI - Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IKA. Nou envite nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

NAR.2: *Elvaj 2 zou twa bèt se bagay ki tre komen nan milye riral tout peyi nan Lemond. Lè ou rive nan fèm-yo, ou ka toujou wè, kèk kabrit, youn ou de kochon men pi souvan se poul nou wè.*

NAR.1: *Pi souvan fèmye-yo elve bèt-yo pou yo ka gen vyann pou jou espesyal tankou: maryaj, antèman, timoun ki pral lekòl epi gen kèk fanmi ki gen plis chans, yo sèvi ak bèt sa-yo pou nourir fanmi-yo souvan epi yo sèvi ak ze-yo pou bay pitit-yo manje. Anpil fwa tou, lè fèmye-an bezwen yon ti lajan, li vann bèt-li-an pou li ka paye lekòl pou piti-li-yo oubyen pou'l achte medikaman oubyen nenpòt lot bagay fanmi'l ka bezwen.*

NAR.2: *Men sak rive andeyò sèke pi souvan, nou pa bay tèt-nou twòp travay pou'n bay bèt-nou-yo manje. Bèt yo jwenn pwòp manje-yo poukont-yo nan ti rès manje nou voye jete epi yo konn jwenn rès rekolt ak rès manje nan vwazinaj.*



*NAR.1: Nou pa trakase tèt-nou twòp pou chache dlo pou'n bay bèt-yo bwè.*

*Pi souvan yo pa jwenn ase dlo pou yo bwè oubyen yo jwenn dlo ki sal anpil epi ki bayo anpil maladi. Nou pa fè kay souvan pou yo nonplis*

*Nou pa menm mete-yo nan yon sèka oubyen anba yon tonèl oubyen pwoteje- yo kont van, lapli ou menm volè. Epi fòk nou pa bliye : ke tout bèt lage rantre andedan kay vwazen-nou oubyen nan chan-yo, nan kilti-yo epi yo fè anpil dega. Tou sa pou'n rive sou gwo pawòl ki di: Sa ou fè se li ou wè. E poukisa nou di sa, Ramo?*

*NAR.2: E ben Dan, nou di sa paske lè yon moun chita li pa depanse menm yon ti tan pou zannimo'l yo epi li kwè li ka jwenn ranman, men sak rive:*

*Anpil nan bèt-yo piti. Yo pa rive fè bon jan ras bèt epi yo pa grandi byen. Yo pa bay bon jan vyann epi ou pa ka vann-yo pou gwo lajan. Bèt ki kouri a dwat a gòch, toupatou, pran anpil maladi. Si se poul epi gen yon maladi kontajyèz ki vle di lòt bèt ka trape'l fasil, poul-ou-yo asire y'ap pran maladi sa-a kanmèm. Epi yon bèt ki malad pa ka grandi byen epi souvan li mouri.*

*NAR.1: Anpil ti poul-yo, ti pousen-yo, mouri jèn anpil. Maladi, volè epi mank swenyaj epi mank manje touye anpil poul. Si yon manman poul te kale 15 ti poul, lè fen ane-an rive, rete yon sèl bon poul. Lòt 14-yo swa yo mouri swa yo malad swa yo twò piti. Souvan, menm poul ki gen plis ke 2 zane-yo, rete piti e bay yon ti kras vyann. Ki fè lè gen yon okazyon, femye-an bije touye kèk lòt bèt pou'l ka jwenn ase vyann.*

*NAR.2: Donk nou wè: sa'n fè se li nou wè. Poul-yo te twò piti pou rive vann pou yon bon pri. Tout poul ki mouri yo te nouri pou granmèsi. Tout rès rekolt-yo ke bèt sa-yo te manje pa rapòte*



femye-an anyen. Se vre femye-an pa't envesti anpil tan, men li pa't rive fè kòb li ta ka fè-a non plis. Kisa nou ta dwe fè?

**NAR.1:** Lè nou leve poul lakay-nou, femye-an ak tout fanmi'l ta dwe pran swen bèt-yo. Anpil manje pou poul-yo, nou pa bezwen achte-yo. Anpil nan vyann-nan epi ze-yo ka sèvi pou fanmi femye-an, sèlman sa ki anplis-lan li ka vann-yo. Lè ou bay bon swenyaj, bon dlo, bon manje ou jwenn bon rezilta. Paske, reyèlman: SA OU FE SE LI OU WE.

#### **KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** Kounye-a yon ti pale sou kijan pou pwoteje poul kont maladi. Premye bagay se anpeche poul-yo malad. Achte poul-yo lè yo gen 1 jou jiska 3 mwa yon kote ki si, nan men moun ou konnen ki fè bon elvaj konsa ou ka asire ou ke ou gen bon ras ki rezistan a chalè, imidite epi maladi. Asire-ou tou ke bèt ke ou achte-yo te vaksinen.

**NAR.1:** Fè trè zatasyon ak pwòpte. Kalòj poul-yo , kote yo manje, kote yo bwè fèt pou toujou toujou trè pwòp. Fòk ou netwaye-yo souvan. Pa mete twòp poul nan menm kalòj. Si ou mete twòp ansanm, youn ka andomaje lòt oubyen menm tiye lòt. Sa ki pi fò-yo beke sa ki pi fèb-yo. Epitou maladi pase pi fasil de yon bèt a yon lòt lè yo anpil. Retire tout poul ki malad-yo, sa ki twò piti-yo tou. Si ou gen kèk pwoblèm ki depase-ou, chache lèd nan men yon ekstansyonis, yon ajan veterinè oubyen yon fòmàtè. Toujou asire-ou ke poul-ou yo vaksinen. Ou gen 2 fason ou ka fè sa: ou ka melanje vaksen-an ak dlo pou bay poul-yo bwè oubyen ou ka bay vaksen-an ak yon piki.

**NAR.2:** Donk, toujou sonje: SA-OU FE SE LI OU WE. BON SWENYAJ, BON DLO AK BON MANJE AP TOUJOU ASIRE-OU YON BON ELVAJ KIDONK YON BENEFIS.





**IICA**  
 A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

DE; Danièle Mangonès-Dejean  
 Koòdinatèz Radyo Ekstansyon

POU: PWOGRAM 3 PAWOL MEKREDI 22 MAS 1989

NAR.1: *Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: KISA NOU RELE ENFEKSYON - ESPLIKASYON SOU MALADI KI RELE ROUJE - KOCHON KI PIPI SAN - KEK TI KONSEY PRATIK EPI KI JAN POU PRAN SWEN ZEGWI AK SERENG Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA - Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.*

NAR.2: *Kilè nou ka di yon kochon gen enfeksyon?*

NAR.1: *Enfeksyon se lè mikwòb antre nan kò kochon jouktan li vin fè'l malad. Men ki kote nou ka jwenn mikwòb, Ramo?*

NAR.2: *Gen mikwòb toupatou, Dan. Gen mikwòb sitou nan poupou, nan pipi, nan dlo sal, nan labou e sou lòt bèt ki malad. Men, ki fason mikwòb ka rantre andedan yon bèt?*

NAR.1: *Mikwòb rantre nan kò yon bèt: pa bouch, pa nen, pa bòbòt-li, pa yon blesi. Nou pral fè yon ti pale de youn nan enfeksyon nou ka jwenn pi fasil ke nou rele roujè, nan yon ti moman ankò. An nou kontinye pale de kijan ou ka konnen yon kochon gen enfeksyon?*

NAR.2: *Li pa manje byen. Li kouche toutan. Si vant li cho ou dèyè zòrèy-li cho lè ou manyen'l sa vle di li gen lafyè. Li ka gen pij k'ap sòti nan bòbòt-li. Si se yon ti kochon, li ka gen pij k'ap sòti nan kòd lonbrit-li. Pafwa kochon-an ka touse anpil. Pafwa tou li ka gen dyare.*



*NAR.1: Lè yon kochon trape yon enfeksyon ou dwe bali yon remèd yo rele antibyotik. Anba remèd sa-a, mikwòb pap chape. Si kochon-an gen lafyè, mouye'l ak dlo oswa bali aspirin. Sa se pou enfeksyon an jeneral. Kounye nou pral pale de enfeksyon ki rele rouje ki atake kochon ase souvan.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.2: Maladi roujè se yon enfeksyon kap frape kochon vit epi ki tiye-yo. Kochon trape maladi sa-a lè yo pre lòt kochon ki gen roujè, oswa yo manje pou pou kochon ki gen roujè. Eske ou ka esplike elvè-nou-yo kouman yo ka konnen si kochon-yo gen maladi sa-a?*

*NAR.1: Si lè yo manyen dèyè zorèy oubyen nan fant kwiss kochon-an, yo santi'l cho anpil. Si kochon-an kagou epi li pa vle kanpe. Si kochon-an pa vle manje. Si yo remake jwenti-li-yo anfle, oubyen kochon-an ap bwate. Si yo remake kèk kote sou po kochon-an vin rouj epi si kèk nan kochon-yo mouri sibatman avan ou wè li malad konnen ou gen enfeksyon roujè lakay-ou. Pale-nou de kijan ou ka evite maladi roujè, Ramo?*

*NAR.2: Pou evite maladi roujè: chak ane bay tout kochon vaksen kont rouje. Yo rele vaksen sa-a ERISEPELAS. Pa janm achte yon kochon ki malad. Pa kite kochon antre kote w'ap okipe kochon-ou. Kenbe tout pak kochon-ou-yo pwòp epi dezenfekte chak 3 mwa ak klorox oubyen dlo lacho. Si kochon-ou pa malad, men gen lòt kochon nan menm lakou ki malad ak roujè: ou fèt pou bay kochon pa-ou kèk piki penisilin oswa kèk grenn tetrasiklin tou le 2 se antibyotik yo ye.*

*NAR.1: Men kisa pou fè lè kochon gen roujè. Lè ou wè pwoblèm sa-a, fòk ou trete'l touswit sinon kochon-ou ka mouri fasil. Bay piki penisilin oswa kèk grenn tetrasiklin chak jou pandan 3*



*jou, Apre sa benyen kochon an ak dlo si li cho. Ou ka fè sa 4 FWA pa jou ou plis. Mete kochon sa-a yon kote poukont-li pou li pa bay lòt kochon maladi sa-a. Epi pa janm vann yon kochon ki gen fyèb sa-a jouktan li geri nèt.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.2: Kounye-an nou pral pale de kochon ki konn pipi san. Maladi pipi san frape tiri ak manman kochon kèk semenn apre yo kwaze ak yon koure pòtè maladi sa-a. Men, ki sentòm ou remake lè sa rive?*

*NAR.1: Ou wè san nan pipi femèl kochon oswa ou wè pipi rouj, apre kwazman. San ka sòti nan bòbòt li epi manman kochon-an oswa tiri an kagou. Li gen doulè lè li pipi. Manman kochon ka mouri sibatman san lòt sentòm. Pi souvan koure ki pòtè maladi sa-a sanble li malad. Kisa ki kòz maladi pipi san*

*NAR.2: Yon mikwòb ki rele "klorini bakteryòm" kòz maladi sa-a. Mikwòb-yo viv nan sak koure-a e yo antre pasaj femèl-la lè li kwaze ak mal-la. Mikwòb-yo peple blad-la epi yo antre nan ren tou. Kijan nou ka evite maladi pipi san?*

*NAR.1: Lave bòbòt e dèyè femèl-la e kòk mal-la avan ou kwaze-yo. Pa janm kwaze yon koure ki malad. Si yon femèl kochon gen maladi sa-a, pa kwaze lòt femèl ak menm koure-a jouktan ou trete koure-a, epi mete femèl ki malad-la apa.*

*NAR.2: Men trètman pou fè pou maladi pipi san: Mete kochon ki malad-la apa pou lòt kochon pa trape menm maladi-a. Bay manman kochon penisilin ki yon antibyotik chak jou jouktan li geri. Mete 10 cc antibyotik ki rele likwamisin-nan nan 50 cc dlo bouyi epi mete sa nan sak mal-la ak yon gwo sereng san zegwi. Repete trètman sa-a 1 fwa ankò apre 1 semenn. Pa kwaze koure-a ankò jouktan ou trete'l 2 fwa konsa. Si li gen fyèb bali aspirin. Pafwa ou ka trete'l men, li tonbe malad plizyè fwa*



ankò. Rekòmanse trètman-an.

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1: Kèk ti konsèy pratik. Kouman nou bay kochon remèd nan bouch?**

*Nou kapab sèvi ak yon sereng oswa ak yon kiyè. Vide remèd-la ti kras pa ti kras pou li gen tan bwè'l, pou'l pa trangle. Si se yon ti kochon, leve tèt li yon ti kras pou remèd-la ka desann byen. Si ou leve tèt li twòp li kapab trangle-li ou remèd-la ka desann nan poumon'l. Si se yon gwo kochon, mare'l byen pou'l rete an plas. Louvri bouch li epi pase yon mòso bwa an travè pou bouch li ka rete louvri. Si w'ap sèvi ak boutèy pou bay yon remèd, sèvi ak boutèy plastik.*

**NAR.2: Kijan pou pran swen zegwi ak sereng? Bagay pi enpòtan, se pou**

*yo toujou pwòp e dezenfekte. Apre ou sèvi ak yon sereng e yon zegwi, byen lave-yo avèk yon dlo byen pwòp, apre sa lave yo ak alkòl e mete yo nan yon veso byen pwòp, pa egzanp yon bokal. Si sereng oswa zegwi-ou sal, ou kab mete mikwòb nan medikaman e li ka bay bèt-la absè (ki yon gwo boul ak pij) lè ou sèvi ak medikaman sa-a. Apre ou bay yon kochon piki, pa mete zegwi sa-a nan boutèy medikaman anvan ou lave'l avèk alkòl oswa yon dezenfektan tankou klorks. Lè zegwi-yo pa bon, jete yo, men:*

**NAR.1: Fè atansyon kote ou jete zegwi-yo pou yo pa pike moun ni pou**


*bèt pa manje-yo. Paske li kapab touye bèt sa-a. Toujou jete zegwi-yo yon kote pou ti moun ak bèt pa jwenn yo.*

*Kèk lòt ti konsèy:*


*Pa mete medikaman-nou-yo nan solèy. Mete medikaman-yo nan yon bwat e depoze-yo yon kote ki fre. TOUJOU sere medikaman fason pou ti moun ak bèt pa jwenn yo.*

**NAR.2: Sa sete kèk ti konsèy pratik 3 pawòl te pòte pou nou.**

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**







A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

DE: *Danièle Mangonès-Dejean*  
*Koòdinatèz Radyo Ekstansyon*

POU: PWOGRAM 3 PAWOL MADI 28 MAS 1989

KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE

NAR.1: *Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: An Nou Ede Pwòp tèt-nou.*

*Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IKA.*

*Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk-nou:*

KONTWOL: MIZIK APROPRIYE

NAR.2: *Lè n'ap pale de ede pwòp tèt-nou kisa egzakteman nou vle di?*

*N'ap di ke tout moun gen sèten konesans...tout moun fè kèk eksperyans donk si chak moun ta pataje sa yo konnen-an, sa yo genyen-an ak vwazen-yo, ak kominote-a, lè sa-a nou ka di, n'ap ede pwòp tèt-nou. Dan, eske ou ka rakonte Oditè-yo kèk ti eksperyans ou te fè lè ou t'ap travay an deyò?*

NAR.1: *M'ap rakonte-nou yon istwa ki te rive Kwadeboukè, yon ti bouk*

*ki rele "Latranble"...ak yon moun trè espesyal ki rele*

*MIRASEN. Nou konnen IKA fè fòmasyon sou tout teritwa-a?*

*Depi plis ke 2 zane konsa, li te fòme anpil anpil moun sou teknik kochon. Men, sa'k vin rive sèke gen kèk moun, lè yo fin save:*

NAR.2: *Yo vle kenbe tout pou yo. Yo pa vle pataje, yo pa menm vle*

*ede. Yo fin resevwa yon bann konesans. Yo fin save sou yon*

*bann teknik men, yo pito mete rozèt nan kou-yo ak palto sou*



*do-yo al file fi epi yo kite yon malere ap okipe tout zafè  
kochon-yo san yo pa't montre moun sa-a pran swen anyen  
korèkteman.*

*NAR.1: Sa'k vin rive, sa yo pa menm konprann: sèke si ou kenbe yon  
moun nan fè nwa se nou tout nan peyi-a ki pèdi. Plis moun  
konnen, plis yo ka ede peyi-a vanse. Se konsa nou pral wè  
kijan Mirasen apre li te fin pran bon bèt nan fòmasyon ak  
teknik elvaj nan IKA nan zòn Latranble nan Kwadeboukè, te  
sèvi bon egzanp pou nou tout.*

*NAR.2: De zè di maten, vwazen vin rele'l pou di'l kochon'l ap metba,  
li gen pwoblèm. Tiri-a te fè 2 ti kochon, plizyè lè te pase,  
tiri-a t'ap plenyen, li pa't ka fè ti kochon ankò.*

*NAR.1: Mèt Mirasen leve nan dòmi'l, li trankilize vwazen'l epi li  
di'l:*

*NAR.2: "Pa enkyete'ou monkonpè'm, mwen pral ide-ou. OU pa bezwen pè  
tiri-ou pral delivre.*

*NAR.1: Konsa Mirasen mache yon bon distans, rive nan sèka monkonpè-  
an, lave men'l byen lave ak dlo pwòp ak savon epi li pase  
men'l. Li jwenn yon ti kochon tou mouri ki t'ap bare rout - -  
enpoze lòt-yo sòti. Depi Mirasen te fin retire ti kochon-an,  
manman-an kontinye gen pouse. Li te fè yon lòt 8 ti kochon  
ankò.*

*NAR.2: Mirasen asire'l ke tout ti kochon yo fèt epi ke tire-an te  
jete mètvant-lan (sak-la). Kòm li te reflechi pòte sereng,  
zegwi ak antibyotik; li tou pwofite bay tiri-an yon piki (li  
te aprann sa tou), epi li di vwazen'l*

*NAR.1: Ma tounen demen, pou'm bali yon lòt piki. Fòk mwen fè sa  
omwen 4 a 5 jou pou tiri-a pa gen enfeksyon nan matris-li.*

*NAR.2: Elvè-a mande Mirasen konbyen'l dwe'l? Mirasen reponn li:*



Lè IKA te vinn louvri je'm, banm konesans ak teknik li pa't mande'm lajan. Lè ekstansyonis IKA te pase mwit ak tiri pa'm ki t'ap metba, yo pa't janm mande'm anyen. Li nòmral pou'm fè menm bagay ak frèm-yo kounye-an.

NAR.1: A la yon bèl jès. Men, eske nou konnen anpil moun kote M'sieu te viv-lan te di: Mirasen sòt. Li ta dwe pwofite, li ta ka fè anpil lajan ak tout konesans ke'l genyen.

NAR.2: Mirasen li menm te di: "Se bondye ki te voye IKA ede'm. Donk, kounye-a devwa'm se pataje konesans sa-yo ak tout moun.

NAR.1: Kisa nou kwè? Eske Mirasen sòt? Eske li ta dwe fè tankou anpil moun: mande abitan-an yon pakèt lajan pou ede-yo ak kochon-yo paske li te gen chans aprann sa yo menm pa't konnen? kisa nou ta fè nou menm?

NAR.2: Ede frè'n ak sè'n ak konesans oubyen kite-yo nan fè nwa? Ede yo epi fè-yo peye lajan yo pa genyen

NAR.1: Pou peyi-nou-an vanse, fòk nou ta gen plizyè santèn Mirasen. Mirasen, se yon elvè tankou nou tout li ye sèlman diferans-lan sèke pou Mirasen: plis li pataje konesans-li, plis richès l'ap merite nan vi'l, e plis konesans ap vin sou li.

NAR.2: Si nou ta konnen yon Mirasen nan zòn nou-an, pa dekouraje m'sieu fè byen, pataje sa'l konnen. Okontrè, nou menm tou an nou fè menm bagay pou demen tout Ayiti vin konnen.

KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE



**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Kòordinatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL MEKREDI 29 MAS 1989**

**NAR.1: Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou :3 Kalite manje - ak Danièle  
Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IKA, nou envite  
nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**

**NAR.2: Nou menm manman-yo, men sa nou bezwen konnen pou yon timoun  
manje byen. Nou konnen gen plizyè kalite manje ki pou kenbe  
kò-nou byen. Timoun kon granmoun bezwen manje 3 kalite manje  
chak jou:**

**NAR.1: Manje ki fè kò grandi - Manje ki bay kò fòs - Manje ki pwoteje  
kò. Jodi-a nou pral pale de manje ki fè kò grandi.**

**NAR.2: Twa manje sa-yo nesesè CHAK JOU pou timoun yo ka grandi byen.  
Pa egzanp, pou yon kay, li bezwen anpil materyo pou pèmèt kay-  
la byen solid pou ou kapab dire anpil.**

**NAR.1: Ebyen, se menm jan pou yon timoun. Li bezwen pran manje ki  
byen bon pou kenbe kò'l an sante. Pou nou fè yon manje ki  
byen bon, fòk li gen ladan ni manje ki fè kò grandi, ni manje  
ki bay fòs, ni manje ki pwoteje kò. Eske ou ka pale-nou de  
manje ki fè kò grandi, Ramo?**

**NAR.2: Pa gen pwoblèm, Dan. Elvè-nou ka sonje nou te fè yon ti pale  
sou manje ke bèt-nou-yo bezwen pou grandi byen. Ebyen, se  
menm bagay pou nou menm kretyen vivan. Nou bezwen manje**





*ki fè kò grandi ki rele pwoteyin - - pwoteyin - Men ki kote nou jwenn pwoteyin?*


*NAR.1: Nou jwenn pwoteyin - manje ki fè kò grandi nan lèt, ze, pwason, vyann, aransò, pwa sèch, epi pistach oubyen manba. Lè nou di grandi, dapre nou se yon bagay ki te piti k'ap vin pi gran chak jou. Nou kapab di yon ti pyebwa grandi paske depi li jwenn tout sa li dwe jwenn nan latè, li vin gen plis branch, fèy-yo vin pi long, epi pye-a menm vin pi gwo.*

*NAR.2: Ebyen, nou kapab di yon timoun se menm jan avèk yon ti pyebwa. Pou li grandi, li bezwen anpil bon manje. Tout bon manje sa-yo, yo kòmanse ak manje ki fè kò grandi paske se yo ki pèmèt timoun-nan grandi ak devlope. Kilè nou bezwen manje ki fè kò grandi, Dan?*

*NAR.1: Gen kèk moman nan lavi-nou, nou pi bezwen manje ki fè kò grandi. Nou te deja di lè timoun-yo ap grandi pou fòmè zo-yo, vyann-yo, chive-yo, sevo-yo epi pou kò-yo byen bati. Granmoun lontan konn di: "ze ak manba gonfle timoun" "vyann bay vè" yo konn di ankò "lè nou bay timoun-yo manje pwa twò ta, la gonfle yo. Nou pa bezwen met sa nan tèt-nou. Se lè yon manje mal prepare li ka fè yon ti moun malad. Se lè nou entèdi timoun-yo pran manje sa-yo, nou ka anpeche-yo grandi byen. Ki lòt lè yon moun bezwen pwoteyin, manje ki fè kò grandi?*

*NAR.2: Lè yon moun ansent, li bezwen manje ki fè kò grandi tou, paske li gen yon bebe kap grandi nan vant-li. Yo konn di, "yon moun ansent pa fèt pou manje ze, sa fè timoun-nan pa gen chive". Non, ni ze ni tout lòt manje ki fè kò grandi bon pou li manje. Ki lè ankò, nou pi bezwen pwoteyin?*

*NAR.1: Lè yon moun nouris, li bezwen manje ki fè kò grandi tou, pou timoun-nan jwenn bon lèt nan lestomak-li. Si li pa manje manje sa-yo, piti-la pa'p jwenn tout sa li bezwen nan lèt-la.*



Lè moun gen zo kase li bezwen pwoteyin - manje ki fè kò grandi, ki pou pèmèt zo-a pran byen vit. Se lèt ki fè travay sa-a pi byen.

**NAR.2:** Lè yon timoun anfle, sa se yon maladi grav ki mande anpil manje ki fè kò grandi, paske se lè'l manke manje sa-yo li vin anfle. Se nan do men, nan do pye, epi anb aje'l ki kòmanse anfle anvan. Ti cheve'l rouj epi yo rache fasil. Li toujou tris, li pa vle jwe. Yo konn di "se vè ak move ze ki fè timoun yo anfle" Non. Se lè'l pa jwenn ase manje ki fè kò grandi. Kounye-a li bezwen anpil manje sa-yo pou li kapab dezanfle. Si nou pa gen kòb pou achte lèt bèf, nou kapab achte poud lèt. Lè li kòmanse fè ti dezanfle, li fèt pou manje lòt manje ki fè kò grandi tankou sòs pwa, ze, aransò, pwason, vyann.

**KONTWOL: MIZIK TWA KALITE MANJE (KOTE: 2) TWAZYEM CHANTE**

**NAR.1:** Kounye-a annou fè yon ti pale sou vyann. Lè nou pale de vyann n'ap pale tout kalite vyann: bèf, kochon, kabrit, poul, aransò pwason, kribich, krab. Tout vyann sa-yo gen menm enpòtans, pa gen youn ki plis pase lòt. Se gou-an sèlman ki pa menm, men yo tout fè menm bagay nan kò nou.

**NAR.2:** Kounye-a annou tonbe nan pwa. Lè nou vle manje pwa nou pa bezwen kouri dèyè gwo pwa si nou pa gen kòb pou sa, paske fòk nou konnen tout pwa gen menm enpòtans, ni pwa rouj, pwa blan, pwa nwa, pwa Frans. Nou ta renmen nou konnen yon lòt bagay tou. si nou manje pwa vèt, se kòm si se te yon legim nou te manje. Men, lè nou manje'l chèch, se lè sa-a li yon manje ki fè kò grandi tout bon vre.

**NAR.1:** Menm jan pwa se manje ki fè kò grandi, li pa gen menm enpòtans avèk lòt manje ki fè kò grandi tankou vyann, pwason, ze, lèt. paske manje sa-yo sòti nan bèt, men pwa sòti nan latè. Sa pa



*vle di poussa ke pwa pa gen enpòtans. Li gen anpil enpòtans. Men, li gen plis enpòtans lè nou manje'l ak mayi, diri, pitimi paske manje sa-yo ogmante enpòtans pwa. Lòt gwo viv-yo tankou bannan, tayo, yanm, manyòk, yo mache pi byen ak vyann, ze pwason oubyen aran. Toujou sonje pou nou manje pwa ak mayi, diri oubyen pitimi, pou'l fè pi bon travay nan kò nou.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.2: Nou ta renmen remèsye MCC- Menonite Komite santral - Grand Rivyè du Nò pou enfòmasyon sa-yo ke nou espere pral ede tout moun.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**



**A:**  PWOGRAM RADYO EKSTANSYON

**DE:** Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon

**POU:** PWOGRAM 3 PAWOL JEDI 30 MAS 1989

**NAR.1:** *Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: MEN KEK BAGAY KI DWE FET ANVAN NOU RANTRE NAN REBWAZMAN - Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IKA, nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.*

**NAR.2:** *Pou detwi yon maladi, fòk ou konnen kòz ki bay li. Pou detwi yon zèb, se pa koupe tèt-li, men se dechouke rasin li. Afè rebwazman-an, se yon gwo pwoblèm. Pa kwè nou rezoud li san nou pa chache kòz ki mennen nou nan sityasyon sa-a. Si nou pa fouye tout kòz yo, se kouri pou lapli tonbe larivyè. Se traka pou lave kay tè.*

**NAR.1:** *Premye travay ki pou fèt-la, se yon travay edikasyon. Yon edikasyon ki pou fè tout moun rekonèt enpòtans bwa, respekte pyebwa, pran swen pyebwa, renmen pyebwa. Pèp la pa janm reflechi sou enpòtans yon pyebwa.*

**NAR.2:** *Yo gaspiye pyebwa, yo koupe pyebwa pou dan ri. Tan lontan se nan pyebwa moun te konn sonde fòs ponyèt-yo, ni manchèt-yo tou. Sete yon plezi pou tout jenn gason seye kòn-yo nan pyebwa. Yo te konn fè yon bagay yo rele pòy. Pòy-la se chak nèg kole manchèt yo nan yon pyebwa, pou yo wè kilès ka mete'l atè anvan. Sa ki fini anvan-an rele byen fò: pòy, pòy, pòy fout. Se pa ti plezi nèg te konn pran nan sa. Afè pòy la, se pa timoun*





*ase ki fè'l. Anpil granmoun ap fè'l toujou pou yo wè kilès ki file manchèt yo pase lòt. Yo pran règ plezi yo nan sa toujou.*

*NAR.1: Ala bagay rèd, mezanmi, pou nou pran plezi ap detwi lavi nou! Lè nou koupe yon pyebwa pou granmesi, nou fè peyi-a fè yon gran bak annaryè. Krik krak: nan tout bwa, kilès ki pase mizè pase lòt?*

*NAR.2: Tout moun konn repons-la: bwa òlon gran chimen. Se konmsi bwa se lenmi-nou. NOu rayi-yo. N'ap mache sou rout-nou, nou pran plezi asazinen pyebwa anba kout manchèt. Ala de krim papa.*

*NAR.1: Konbyen fwa nou wè moun rantre nan yon plenn bwa, yo di y'ap fè bwa nèf. Yo flanke tout bwa-yo atè. Apre sa, yo kite sa konsa, yo pa plante anyen ladan. Konbyen fwa nou wè nèg koupe yon ganiti kay, lèfini yo kite'l pouri atè. Konbyen fwa menm kay-la koumanse, li pa janm fini. Konbyen fwa nou fè jaden nèf, lè nou fini nou brile tout bwa-yo. Se tout sa ki fè peyi-a rive nan ete sa-a. Si nou pat lage dife nan mòn-yo chak ane, yo ta renouvle yon bon mòso nan sa nou te wete. Ala nou mechan!*

#### **KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.2: Bondye fè travay li byen. Ala bèl mèvèy, lè zwazo manje grenn bwa yon kote, y'al simen'l yon lòt kote! Eske nou janm plante palmis? Si la nati pa't byen òganize konsa, kote'n ta ye? Ou janm mande tèt ou, kilès ki te plante pyebwa nou sòt koupe la-a? Konbyen pyebwa nou te plante depi'n fèt? Ak konbyen pyebwa nou te sèvi? Eske nou ka'b konte yo? Konbyen moun ki fèt, ki mouri san yo pa janm plante yon pyebwa?*

*NAR.1: Ou menm ki di ou se nèg lavil ou ye, ou pa janm koupe bwa, eske bwa pa fè-ou viv tou? OU sèvi ak chabon, ou sèvi ak lacho, ou gen bèl mèb, ou fè komès bwa. Se ou ki voye abitan*



*al koupe bwa andeyò nan mòn. Se pa abitan ki lakòz bwa pi detwi nan peyi-a. se nèg lavil. Se nou tout ki pou repare fòt-la.*

*NAR.2: Jodi-a menm, pa pi ta, nou dwe mande bondye padon, mande ti zwazo -yo padon, mande latè padon. Koupe pyebwa an dezòd konsa, se gwo peche. An nou pwomèt bondye pou nou pa detwi travay-li ankò. Men pou nou kontinye kreyasyon-an. An nou pwomèt pyebwa yo pou nou respekte-yo. Pran swen-yo. Renmen yo. Si nou pran desizyon sa-a jodi-a, Ayiti sove.*

*NAR.1: Tout mal nou te fè peyi-a, se pa fòt nou nèt. Sa ou pa konnen pi gran pase-ou. Si depi tout piti, papa'n te aprann-nou respekte pyebwa, nou pa ta fè pòy. Nou tout, nou pa ta fè tout betiz nou te fè deja. Travay edikasyon sa-a dwe koumanse nan tout kay, nan fanmi-yo. Li dwe kontinye nan lekòl, nan katechis, nan sant alfabetizasyon.*

*NAR.2: Si nou pa fè edikasyon pèp-la depi anba jis anwo pou yo konprann enpòtans bwa, nou pa menm bezwen ba-yo lòt fòmasyon, piske yo pa'p jwenn peyi pou yo viv. Nan lekòl, pwogram nou toujou twò chaje. Genyen ki di pa gen plas pou pale sou kesyon latè. Pou ki peyi n'ap prepare timoun-yo Paran-yo pa vle timoun-yo manyen tè nan lekòl. Edikasyon-an dwe reveye konsyans moun yo sou sa. Si nou pa ponyen toro bèf-la nan kòn, kouman na'p fè gouvènè'n'l?*

*NAR.1: Pwojè rebwazman ak gwo lajan pa fouti rezoud pwoblèm-nan. Se edikasyon moun-yo ki pou fèt anvan. se yon gwo kanpay motivasyon ki pou fèt pou moutre moun-yo wè gwosè malè ka'p tann-yo. Si moun-yo pa pran konsyans, tout travay na'p fè, se taye tèt gazon.*

*NAR.2: Men, si nou vle sove peyi-a vre, se pa èdikasyon moun-yo ase ki pale. fòk nou fè edikasyon moun ki reskonsab fè respekte*




*lalwa peyi-a tou. Fòk reskonsab-yo konnen se sitwayen Ayisyen yo ye. Fòk yo gen yon konsyans pwofesyonèl. San sa nou mèt fè sa nou vle, moun-yo ap toujou rayi bwa. E, depi moun-yo rayi bwa, rebwazman pa posib nonplis.*

*NAR.1: Mezanmi, eske se yon bagay ki enposib pou nou: Mete tèt-nou ansanm, fè edikasyon tout moun sou responsabilite nou chak nan zafè bwa? Mwen kwè nan fen fon kè-nou chak Ayisyen, nou renmen peyi-nou - - Men, lè nou renmen, gen sakrifis, e fòk ou bay anpil de ou menm. Nou pran, pran, pran...Kounye-a se lè pou'n remèt Ayiti tout sa li te bannou.*

*NAR.2: Nou ta renmen remesye Chavannes Jean-Baptiste pou anpil de enfòmasyon sa-yo ke l'ap plede vilgarize depi 1979. Nou espere ke yo kontinye ide nou tout Ayisyen responsab sòti peyi-an nan mizè ke'l ye-an.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM-NAN AK MIZIK PRE-GRAVE**





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean  
Koòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL VANDREDI 31 MAS 1989**

**NAR.1: Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: DIAKOUT-LA CHAJE - Ak  
Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IKA. Nou  
envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou. Kisa Diakout Chaje  
pòte pou nou jodi-a, Ramo**

**NAR.2: Konsèy Doktè MOren sou Elvaj Lapen**

**NAR.1: Ti Mizik Popilè sou Latrin**

**NAR.2: Kijan pou Rete Nen Senyen**

**NAR.1: Kisa Pou'n Fè si nou Bezwen Plis Enfòmasyon sou Pwogram 3  
Pawòl-lan.**

**NAR.2: Fòk Nou Plante Bwa**

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.1: Elvaj lapen se yon elvaj ki pa bezwen anpil remèd, anpil lajan  
oubyen anpil tan. Sèlman ou bezwen bon swenyaj.**

**NAR.2: Jodi-a nou pral pataje konsepsyon-nou ak elvè-yo sou Kwazman  
lapen epi kèk konsèy pou fè bon elvaj lapen an jeneral.**





*NAR.1: Premyèman, fè lapen-yo vin dou. Pa kite chyen oubyen lòt bagay ki ka bayo anksyete bò kote-yo. Pa mete kalòj lapen-yo kote gen anpil bwi. Travay avèk-yo dousman pou yo vin dou.*

*NAR.2: Pa janm kenbe lapen pa zorèy ou byen nan janm-yo paske li posib pou blese-yo oubyen tiye-yo konsa.*

*NAR.1: Pou fè yon elvaj ou bezwen 1 bouk pou 10 femèl. Pa kwaze bouk-la plis ke 4 fwa pa semenn paske si ou kwaze'l twòp, femèl-la pral fè mwens pitit.*

*NAR.2: Bouk ak femèl pre pou kwaze 6 a 8 semenn konsa. Sa depann ki ras yo ye e ki kalite manje y'ap resevwa etan y'ap grandi. Ras ki pi piti pare pou kwaze pi bonè.*

*NAR.1: Lapen-yo bezwen byen devlope anvan yo kwaze. Lapen pa vin an chalè tankou lòt bèt men lè femèl-la enterese pou'l kwaze, li aji dwòl, li frote kò'l nan kalòj-lan, li eseye jwenn lòt lapen epi bòbòt-li ròz.*

*NAR.2: Lè ou vle kwaze lapen, fòk ou mete femèl-la nan kalòj mal-la. Pa mete mal-la nan kalòj femèl-la paske si ou fè sa, gen bon chans ke femèl-la pral batay ak mal-la. Epi mal-la pa alèz pou kwaze nan yon lòt kalòj. Li pi alèz nan kalòj pa'l.*

*NAR.1: Mal-la ta dwe kwaze femèl-la touswit lè yo ansanm. Si mal-la pa enterese, chache yon lòt mal. Kwazman ta dwe dire sèlman 5 minit. Lè mal-la fin kwaze ak femèl-la, li tonbe a kote'l. Apre sa mete femèl-la nan kalòj-li. Paske si ou kite yo ansanm lontan, gen yon chans ke femèl-la blese mal-la.*

*NAR.2: Pa mete femèl lapen-yo ansanm nan menm kalòj paske si ou fè sa, femèl yo pral panse yo plenn lè yo pa vrèman plenn. Sa se yon fo gwosès li ye e pwoblèm sa-a dire pou 17 jou. Pandan jou sa-yo, femèl-yo pa vle kwaze epi yo pa ka vin plenn.*



**NAR.1:** Pou konnen si yon femèl plenn vre, mete'l avèk mal-la 14 jou apre kwazman. Si femèl-la pa enterese pou kwaze, gen yon bon chans li plenn. Epi ou kapab manyen vant femèl-lan 14 jou apre kwazman pou santi ti lapen-yo andedan vant-li. Lè sa-a ti lapen-yo sanble yon pakèt ti mab ki rete anba vant manman-an. Fè atansyon lè ou tcheke manman-an, fè sa dousman. Si ou pa santi ti lapen andedan vant manman-an, eseye kwaze'l ankò.

**NAR.2:** Pa kite lapen-yo vin twò mèt ni twò gra paske si yon vin konsa, li difisil pou yo vin plenn oubyen si yo vin plenn, yo fè mwens pitit

### **KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**


**NAR.1:** Kounye-an kèk ti konsèy an jeneral pou'n fè bon elvaj kabrit. Li trè zenpòtan pou anpeche maladi nan lapen paske lè lapen tonbe malad, li preske enposib pou sove-yo. Donk, pou anpeche maladi, kenbe kaloj-yo, dlo-yo epi manje-yo byen pwòp. Retire tout lapen ki malad epi izole-yo pou anpeche yo gaye maladi ak lòt lapen-yo. Brile lapen ki te mouri akòz maladi.

**NAR.2:** Netwaye, lave e desenfekte bwat ki te sèvi pou fè nich. Yon bon desenfektan se klorox. Mete 1 ti kiyè klorox nan yon galon dlo epi rense bwat-la vè'l. Apre sa mete bwat-la banba solèy jouk li sèch nèt.

**NAR.1:** Lapen bezwen dlo toutan pou yo byen devlope e pou manman lapen-an kapab bay ase lèt. Si dlo kote'n ye-an pa potab e ou gen pwoblèm ak dyare, mete 1 ka ti kiyè klorox pou chak galon dlo pou bayo bwè.

**NAR.2:** Li pi bon si ou mete lapen-yo kapab kanpe sou til fè pou kite pou pou-a sòti e pou kite kalòj-yo pi pwòp. Konsa ou kapab anpeche pwoblèm vè ak mikwòb . Tout bagay sa-yo kapab bay lapen dyare e kapab tiye-yo tou.

**NAR.1:** Fòk ou pwoteje lapen kont solèy e lapli. sa vle di lapen bezwen rete anba lonbraj e yo bezwen yon kay ki anpeche lapli tonbe sou yo. Yo bezwen rete nan yon kote ki gen bon vantilasyon tou.



*NAR.2: Pinga ou chanje kantite ou byen kalite manje twò vit. Si ou fè sa, lapen-yo pral gen dyare e yo kapab mouri. Donk si ou bezwen chanje yon manje chanje'l dousman.*

*NAR.1: Li posib pou leve lapen avèk sèlman legim fre e vèt tankou bwa patat, delan, bwadòm, chou, zepina e doliv. OU ka leve kèk manje pou lapen-ou (pyebwa ak zèb) epi an menm tan w'ap konbat pwoblèm erozyon. Poupou lapen se fimye ki trè trè bon. Sèvi ak li nan jaden pa-ou.*

**KONTWOL: MIZIK POPILE SOU LATRIN - TAN:.....**

*NAR. 2: Kounye-an nou pral fè yon ti kòzman sou kijan pou'n rete yon nen k'ap senyen.*

*NAR.1: Premyèman, fè moun-nan chita yon kote ki pa gen bwi. Peze nen'l fò pandan 10 minit oubyen jouktan san-an rete. Si sa pa kontwole senyen-an:*

*NAR.2: Ou pral bouche nen-an ak koton, men w'ap fè atansyon pou kite mòso nan koton-an depase twou nen-an. Si posib mouye koton-an nan dlo oxijene oubyen ak vazlin. Lè ou fin fè sa, peze nen-an fò ankò pandan yon lòt 10 minit.*

*NAR.1: Kite koton-an nan menm plas pandan 2 zè'd tan konsa apre san sispan koule epi lè w'ap wete'l fè sa ak anpil prekosyon. Si yon moun gen nen'l ki senyen souvan, mete yon ti vazlin andedan twou nen'l 2 fwa pa jou chak jou.*

*NAR.2: Lè nou manje zoranj, tomat epi lòt fwi sa ka ide'n fè venn-yo vin pi fò epi fè'n senyen mwens.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**DE PWOGRAM VANDREDI 17 FEVRIYE DE: NOU TA RENMEN ENVITE  
ELVE-NOU-YO EKRI NOU SI....JISKA: E ROSEAUX: GILBERT ST  
JUSTE (PRE-GRAVE) TAN: 1:48**

**NAR.2: CEEH AK WORLD CONCERN AP PREZANTE Fòmasyon sou chwal 4 a 7**



*avril epi yon fòmasyon sou bèf 9 jiska 12 Me. Chak fòmasyon dire 4 jou. Madi rive Vandredi. Nan maten denye jou-an gen yon konpozisyon. Si patisipan-an konpoze byen l'ap resevwa yon sètifika.*

*NAR.1: Pa bliye: fòmasyon chwal 4 Avril jiska 7 avril epi Fòmasyon bèf 9 rive 12 Me. Fòmasyon sa-yo se nan gwo pòchri deklòch y'ap ye. Pou plis enfòmasyon rele CEEH nan 2-5351 oubyen biwo World Concern nan 7-7342 oubyen IKA nan 5-3634*

*NAR.2: Kounye-an fòk nou plante bwa!*

*NAR.1: Nou te wè kòman bwa gen anpil enpòtans pou lavi-an. Plante pyebwa se yon trè bon mwayen pou konbat lavalas. Lè yon tè gen bwa, lavalas pa kab lave'l. Lè lapli ap tonbe, li tonbe sou tè-a ak anpil fòs, se sa ki fè'l koche'l konsa epi li pote'l anba lanmè.*

*NAR.2: Kote ki gen pyebwa, lapli tonbe anro fèy bwa-yo. Fèy bwa-yo kraze fòs lapli-a, ki koule tou dousman, li antre nan tè-a, li pa gen fòs pou'l pòte tè-a ale. Pyebwa-yo simen fèy atè ki fòme imis ki kenbe dlo lapli.*


*NAR.1: Dlo lapli swiv rasin pyebwa-yo, pou ale fonn nan tè-a, Se sa ki pèmèt nou genyenb yon nap dlo anba tè-an, pou nourri sous nou-yo, pou nourri rivyè nou-yo.*

*NAR.2: Pyebwa rale lapli pou fè'l tonbe. Lapli renmen tonbe kote ki gen anpil pyebwa, anpil frechè.*

*NAR. 1: Tè-nou-yo se preske mòn sèlman. Sa ki pa mòn-yo, anpil nan yo se tè pandye. Fòk nou plante bwa pou kenbe-yo, pou rete lavalas bwote-yo.*

*NAR.2: Pyebwa kase fòs gwo van. Li anpeche van pòte tè-nou-yo ale lòt kote. Li anpeche van fè dega nan jaden-nou, nan kay-nou elatriye.*

*NAR.1: Plante bwa se plantasyon tankou tout plantasyon..Nou gen pou rekolte bwa, menm jan nou rekolte kann, bannann, mayi ak tout*





*lòt bagay. Sèl diferans, bwa pran plis tan avan'l kòmanse bay. Gen bwa ki bay fwi tanmen yo tanmen bay, se mouri kite: mango, zaboka, zoranj, sitron, korosòl elatriye.*

*NAR.2: Gen bwa ki fèt pou siye pou fè tout kalite mèb ak anpil lòt bagay: kanpèch, kaymit, kandelon, bwafè*

*NAR.1: Gen bwa pou brile, pou fè chabon, pou fè lacho, lantouray: bwadòm, bayaronn, gonmye, monben.*

*NAR.2: Gen bwa pou fè medikaman: dòti, kenkina, siwèl, chikchik. Tout bwa sa-yo kab bay anpil lajan. Yo kab ba nou dekwa pou nou viv. Pafwa, san nou pa fòse, nou kab fè lajan nan bwa.*

*NAR.1: A la bèl bagay en Ramo. Men, anpil moun ap di yo pa kab plante bwa. Se yon vye'p ti mòso tè yon genyen pou yo travay, yon ti ka, yon ti kè, yon ti mòso eritaj. Ti mòso tèyo pa menm ase pou fè manje pou ti moun-yo manje ale wè pou plante bwa.*


*NAR.2: Mwen konprann sityasyon sa-a trè byen. Se yon gwo pwoblèm vre. Men, pou plizyè rezon nou sòt wè la, fòk nou plante bwa kanmèm. Si ou pa gen anpil tè, pèsonn pa kab di-ou pou plante bwa sou tout. gen plizyè mwayen pou plante bwa menm lè ou pa gen anpil tè.*

*NAR.1: Nou kab plante bwa alaronn ti mòso tè nou genyen-an. Bwa sa-yo pap pran anpil tè. Y'ap kab ba nou lajan. Y'ap pwoteje jaden nou kont gwo van.*

*NAR.2: Nou kab plante yon ti mòso bwa tou piti nan tèt jaden-an. Konsa nou kab gen yon kote nou kab koupe yon bwa san nou pa mande moun.*

*NR.1: Ti plenn bwa sa-a ap fè anpil dlo antre nan jaden-an pou plant yo jwenn. L'ap pwoteje tè-a kont lavalas. L'ap grennen anpil fèy ki pral fòme imis pou rès jaden-an ki pi ba. L'ap bay lajan pi devan.*

*NAR.2: Nou kab fann jaden-an ak kèk ranje bwa. Nou kab koupe jaden-an ak 4-5 ranje bwa selon longè'l. Ranje bwa sa-yo ap pwoteje*



*jaden-an kont van. L'ap sèvi lonbraj pou nou, pou bèt nou epi l'ap bay tout lòt avantaj nou te wè bwa kap bay.*

*NAR.1: Mezanmi, an-nou plante bwa. Bwa se lavi-nou. Se bwa ki pou pwoteje tè-nou-yo, se bwa ki pou pwoteje sous-nou-yo, se bwa ki pou pwoteje larivyè-nou-yo. Si nou fè sa depi jodi-a, nou pwoteje lavni tout pitit Ayiti Toma.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**



A: **PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

DE: *Danièle Mangonès-Dejean*  
*Koòdonatèz Radyo Ekstansyon*

POU: **PWOGRAM 3 PAWOL LENDI 3 AVRIL 1989**

**NAR.1:** *Jodi-a 3 pawòl pòte pou nou: Konsèy Doktè Morin sou Akouchman lapen - Swen pou Bay Ti lapen epi Plante Bwa - Distans pou plante-yo e kijan pou pran swen-yo. Ak Danièle Mangonès Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IIKA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** *Lapen se yon bèt ki plenn environ 31 jou. Gen kèk ki ka pran mwens jou pou fè pitit epi gen kèk ki ka pran pliske 31 jou tou. Donk, fòk ou veye-yo byen. Eske gen kèk ti bagay elvè yo ka fè pandan femèl lapen-an plenn, Dan?*

**NAR.1:** *Sètènman, Ramo. Depi femèl lapen-an kwaze asire-ou ke ou make dat sa-a yon kote ki si. Paske 29 jou apre kwazman-an ou pral mete yon bwat nan kalòj lapen-an pou manman-an ka fè yon ni ladan'l. Si ou bliye mete ti bwat sa-a andedan kalòj-la, ti lapen-yo pral mouri.*

**NAR.2:** *Nou sonje ke'n te di femèl lapen-an plenn environ 31 jou. Youn ou 2 jou anvan akouchman, manman-an pral retire kèk nan pwal-li pou fè ni sa-a. Lè li fè sa, sa di nou ke'l pral fè pitit nan 1 jou konsa. Souvan lapen fè pitit pandan lanwit donk:*



*NAR.1: Mete kalòj manman-an nan yon kote kalm, kote ki pa gen chyen, rat ak lòt bèt. Anpeche manman vin twò eksite anvan akouchman-an.*

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.2: Kounye-an nou pral fè yon ti pale sou swen ti lapen ta dwe jwenn. Jou apre femèl lapen-an akouche, tcheke ni-an pou wè si gen ti lapen ki defòme oubyen ki te mouri epi retire-yo. Si gen twòp ti lapen nan yon sèl pòte (si gen pliske 8) e si gen yon lòt manman ki te akouche an menm tan, bay manman sa-a kèk ti lapen ki te sòti nan pòte ki two gwo-an.*

*NAR.1: Pa bliye ke manman lapen bezwen plis dlo ak manje pou bay lèt Ramo, eske ou konnen ke je ti lapen-yo pa louvri lè yo fèk fèt?*

*NAR.2: Mwen pa't konn sa.*

*NAR.1: Men wi, je ti laopen-yo louvri 10 a 11 jou apre yo fèt epi pafwa yo vin enfekte e yo pa ka louvri menm.*

*NAR.2: Sa se yon antrav. Kisa pou'n fè lè konsa?*

*NAR.1: Si sa rive, fèk nou lave je-yo ak dlo. Si nou ka jwenn kèk ti pomad antibyotik pou je, mete sa nan je-yo. Kilè ti lapen-yo sòti nan ni-yo?*

*NAR.2: Ti lapen kòmanse sòti de ni-yo lè yo genyen 18 a 20 jou. Si yo pa sòti lè sa-a li ka akòz 2 bagay. Swa yo twò cho. Si se sa, retire kèk pwal nan ni-an. Swa yo pa manje byen ki vle di manman lapen-an pa'p bayo ase lèt. Lè sa-a veye ke n'ap bay ase dlo ak manje. Dan, kilè nou kapab kwaze manman lapen sa-a ankò?*

*NAR.1: Ou kapab kwaze manman lapen-an 42 jou apre akouchman si'l pa twò mèg. Men, dè fwa li pa vle kwaze jouktan ti lapen-yo gen tan sevre. Donk, kilè pou'n sevre ti lapen-yo la-a?*

*NAR.2: Sevre-yo lè yo gen 8 semenn. Yo ta òwe peze 4 liv pwa vif lè yo sevre. Lè sa-a nou mèt tiye ti lapen-yo pou'n manje, Eske*





*ou janm manje vyann sa-a, Dan?*

*NAR.1: Mwen manje lapen, La vale Jakmèl nan Kooperativ CODEVA. Men, mwen pa't janm renmen vyann sa-a anvan sa. Yo te pare'l ak yon bon sòs pikant epi yo te sèvi'l ak iyam ak diri kole ak pwa'd souch. Ou kwè bon'l te bon. Men, ann tounen sou zafè kwazman-an ankò, Ramo.*

*NAR.2: Si manman vin mèg pandan l'ap bay lèt, pa kwaze'l jouktan li anfòm. Paske, si ou kwaze'l pandan'l mèg, li pral fè mwens pitit.*

#### **KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.1: Jodi-a nou pral fè yon ti kòzman sou yon bagay ki trè zenpòtan pou tout Ayisyen, se plante bwa. Nou wè konbyen fwa deja ke bwa se lavi. Se bwa ki bannou lonbray, ki bannou lapli, ki pwoteje tè nou-yo, ki pwoteje sous nou-yo.*

*NAR.2: Pou'n plante yon pyebwa, fòk nou fouye yon bèl twou. Wete premye kouch tè-a, mete'l apa epi fouye tè ki nan fon-an jete. Se ak premye kouch tè nou te mete apa-a pou'n plante ti pyebwa-a.*

*NAR.1: Si se pa yon gwo plantasyon bwa, si se kèk pyebwa ki bay fwi nap plante, nou kab mete yon kouch konpòs anba. Pa janm fin plen tou-a nèt ak tè. Kite yon kivèt pou dlo chita lè lapli tonbe. Sa ap pèmèt ti plant-lan jwenn yon rezèv dlo lè lapli pa tonbe.*

*NAR.2: Si ti pyebwa-a te nan sache, chire dèyè sache-a lè n'ap plante. Si tè-a kenbe kò'l, nou menm gen dwa wete sache-a nèt. Lè sa-a nou plante ti plant-lan ak boul tè ki kole ladan'lan. Pa janm bali tè pi ro pase mezi kite anba tè lè li te nan pepinyè, nan plat bann ou nan sache.*

*NAR.1: Foule rasin-yo enpe pou yo kole nan tè-an. Si posib, wouze apre plantasyon-an epi li toujou pi bon pou'n plante nan*



apremidi. Si ti plant-yo gen anpil fèy, nou gen dwa taye enpe nan yo sitou si yo sòti nan platbann.

**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2:** Depandan ki kalite bwa nap plante genyen anpil diferan distans nou kab plante pyebwa. Si se bwa pou siye, nou kab plante-yo pi dri pase pyebwa kap bay fwi. Si se yon plenn nou vle fè ak bwa pou brile, pou fè kay nou ka plante yo byen dri tou.

**NAR.1:** Lè nou plante bwa pou siye, byen dri, sa pèmèt ti pyebwa-yo file tou drèt. Yo pa fè anpil branch. Pyebwa sa-yo ka fè bèl planch, paske yap byen drèt e yo pap gen anpil ne. Nou ka plante yo nan yon distans 2 mètr pa mètr konsa( )  
Nan distans sa-a, yo karo tè ap pran plis pase 3000 pyebwa.

**NAR.2:** Okontrè, lè se pyebwa ki bay fwi, nou plante yo nan yon pi gran distans pou yo kab tann, pou yo fè anpil branch. Plis yo fè anpil branch, plis y'ap donner e plis yap fasil pou rekolte. Lè yo branche anpil, yo pap grandi two ro. Selon pyebwa nap plante yo nou kab plante yo 4 mètr pa 4 mètr. Sa se pou zoranj ak sitron.

**NAR.1:** Si se mango ou zaboka w'ap plante-yo yon distans 8 mètr pa 5 mètr. Sa se pou yon tè nou vle kouvri nèt ak bwa. Pye fwi-yo, nou ka plante-yo alaronn jaden-nou e koupe jaden an ak kèk ranje. Se chak moun ki pou deside sa'l vle. E pou swen-an?

**MAR.2:** Yon plantasyon bwa se yon plantasyon tankou tout lòt. Nou dwe pran swen'l byen. Lè nou plante bwa, nou dwe sakle menm jan nou sakle yon jaden bannann. Nou dwe sakle jaden bwa-a plizyè fwa pou zèb pa toufe-yo. Nou kab sispann sakle lè zèb pa kouvri-yo ankò. Kisa nou ta dwe fè si'n vle gen bèl pyebwa?

**NAR.1:** Si nou vle gen bèl pyebwa, nou ta dwè taye tout ti branch ki pouse twò ba-yo. Sa pèmèt pyebwa-yo pa gen ne epi fè yo grandi



*dwat. Pa kite branch yo twò gwo anvan nou koupe yo paske sa ka andomaje ti pyebwa-yo.*

*NAR.2: Pou pye fwi-yo, se branch ki mouri-yo nou dwe koupe. Si gen 2 branch ki kole ansanm, nou ka koupe youn. Si nou wè ti pye fwi-yo fè twòp branch, nou toujou gen dwa wete kèk.*

*NAR.1: Lè nou fè yon plantasyon bwa byen dri, apre kèk ane, nou ka kòmanse koupe pyebwa yo ki mafwezi, ki krochi pou pèmèt lòt-yo jwenn lwazi pou yo devlope ni nan rotè ni nan gwosè.*

*NAR.2: Pyebwa nou koupe pou degani plenn-yo, ka deja vann pou ban-n lajan.*

*NAR.1: Nou ta renmen remèsye Chavannes Jean-Baptiste k'ap vilgarize enfòmasyon sou kijan pou'n pwoteje tè-nou-yo depi 1979.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean**  
**Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL MADI 4 AVRIL 1989**

**KONTWOL: ENTWODIKSYON PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**

**NAR.1: Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: Manje ki Bay Kò Fòs - ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon IICA. Nou envite nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**


**KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

**NAR.2: Nou sonje lòt jou nou te fè yon ti pale sou diferan kalite manje ti moun kou granmoun bezwen pou yo manje byen. Nou te pale de manje ki fè kò grandi ki rele pwoteyin - Jodi-a nou pral pale de manje ki bay kò fòs ki rele enèji.**

**NAR.1: Sonje ke gen 3 kalite manje nou bezwen chak jou pou nou di ke reyèlman nou manje korèkteman. Nou bezwen manje ki fè kò grandi (pwoteyin), manje ki bau kò fòs (enèji) epi manje ki pwoteje kò.**

**NAR.2: Dezyèm gwoup manje-an ki bay kò fòs oubyen enèji se manje nou jwenn nan mayi, pitimi, diri, bannann, tayo, patat, yanm, manyòk, lamveritab, labapen, farin, pen kasav, vèmisèl, zaboka, lwil, sik, siro kann epi rapadou.**

**NAR.1: Nou konnen deja, lè yon moun pa gen fòs li sanble ak yon pay chèch e yon van ap pòte'l ale. L'ap mande latè si'l pile'l. Yon chaj menm, se pa pran chans. Li pran yon bò, chaj-la menm pran yon lòt bò. Poukisa lè ou pral fè yon kay, ou**





*bezwen lacho, siman? Pouki tout materyo sa-yo? Se pou kay-la kab fèm, pou'l pa tonbe epi pou'l dire plis.*

*NAR.2: Ebyen, mezanmi, se menm jan lè yon timoun fèt, li bezwen fòs pou'l rete fèm tou. Sa kòmanse ak lèt manman-an, epi depi li gen 4 mwa li fèt pou kòmanse manje manje ki bay kò-a fòs. Enèji pou li chita, pou li jwe, pou li respire. Men, eske se timoun sèlman ki bezwen fòs?*

*NAR.1: Non, tout moun bezwen fòs ou enèji tout tan pou viv. N'ap mache, nap travay di nan mòn, nap pòte gwo chay lou. Ebyen, nap depanse fòs, nap depanse enèji konsa epi nou bezwen manje plis kantite nou abitye manje.*

*NAR.2: Si yon timoun pa manje kantite manje ;li dwe pou manje, ni manje ki fè kò grandi, ni manje ki bay kò fòs, li kapab tounen yon ti maras. Lè nou di maras, se yon timoun ki chèch anpil, ou kapab konte tout ti zo ki nan kò'l. Li pa kapab jwe, li pa menm gen fòs pou kenbe kò'l. Li sanble ak yon vye granmoun ki prèt pou mouri. Li voras paske li pa janm jwenn kantite manje li bezwen.*

*NAR.1: Yon ti moun maras bezwen manje pou li refè. Se pou nou konnen yon timoun mèt manje nenpòt manje ki bay kò fòs. Gen kèk granmoun lontan ki kwè sèten manje bay timoun vè. Nou pa bezwen koute vye kwayans konsa. Sonje se pa manje ki bay vè.*

*NAR.2: Nou pral pale kounye-an de diferans ant kèk manje ki bay fòs. Nan tout manje ki bay fòs, gen kèk ki bay plis fòs pase lòt. Pa egzanp, Yon grenn tayo ak yon kiyè lwil, kilès nou sipoze gen plis enèji, gen plis fòs?*

*NAR.1: Nou konnen plis moun kapab pansè se tayo-a, men se lwil-la. Lwil-la gen plis enèji, plis fòs pase ni tayo, ni yanm, ni*



*bannann, ni patat - paske manje sa-yo gen anpil dlo ladan-yo men, lwil-la nou pa pèdi anyen ladan'l. Gwo viv sa-yo fè vant nou plen, se vre, men yo pa gen menm kantite enèji, men kantite fòs, ak lwil. Li toujou bon pou nou mete yon ti lwil oubyen yon ti mantèg anplis nan manje pi gran timoun-yo, pou yo ka jwenn plis enèji, plis fòs.*

*NAR.2: Konsa tou nou gen rapadou, siro, epi sik. Yo tout bay fòs vre, men gen nan yo ki pòte plis bagay pou kò nou. Kilès nan yo nou kwè ki gen plis enpòtans?*


*NAR.1: Ebyen, se sa tout gwo bacha-yo meprize: se rapadou ak siro. Lè nou wè yon moun ki kapab achte sik, nou pa bezwen fè jefò pou'n achte sik tou, si nou gen ti mòso rapadou oubyen yon ti siro. Depi nou koule yo byen koule pou tout kras sòti, nou mèt sèvi ak yo alèz, ni pou granmoun, ni pou timoun. Rapadou ak siro gen anpil enpòtans paske yo bay anpil san, epi yo pi bon mache tou. Yo kenbe koulè fonse-yo paske yo pa pèdi anyen nan yo. Men sik pa gen menm enpòtans. Tout tan li vin pi blan lap pèdi valè'l.*

#### **KONTWOL: MIZIK SOU: 3 KALITE MANJE**

*NAR.2: Kounye-an nou pral fè yon ti revizyon. Nou te di ke pou yon moun manje byen fòk li manje 3 kalite manje. Manje ki fè kò grandi (pwoteyin), manje ki bay fòs (enèji) epi manje ki pwoteje kò.*

*NAR.1: Nou te di tou ke manje ki bay fòs, ki gen enèji, nou ka jwenn yo nan mayi, pitimi, labapen, zaboka, lwil, sik, siro kann epi rapadou. Nou te wè tou ke tout manje sa-yo pa gen menm enpòtans. Pa egzanp, lwil gen plis enèji pase tayo epi siro oubyen rapadou gen plis enèji pase sik.*


*NAR.2: Donk, nou wè ke si nou planifye kisa e kijan pou'n bay fanmi-nou manje, nou pap janm gen pwoblèm feblès, malgrandi oubyen*



*malnouri lakay-nou.*

*NAR.1: Sa sete ti koze sou manje 3 pawòl te pòte pou nou jodi-a.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**





**A: PWOGRAM RADYO EKSTANSYON**

**DE: Danièle Mangonès-Dejean**  
**Kòdonatèz Radyo Ekstansyon**

**POU: PWOGRAM 3 PAWOL MEKREDI 5 AVRIL 1989**

**NAR.1: Jodi-a 3 Pawòl pòte pou nou: Diskisyon sou elvaj ant 2 elvè**

**Bèlans - Swen espesyal pou moun ki trè malad -**

**- Ak Danièle Mangonès-Dejean, reskonsab radyo ekstansyon**

**IICA. Nou envite-nou pataje kòzman sila-yo avèk nou.**

**NAR.2: Zwazi, eske ou konnen mwen gen yon kochon k'ap vire ron, li**

**sanble yon bèt ki ta vle mòde tèt-li. L'ap aji kòm si'l te**

**fou. Sa ou kwè kochon'm-nan genyen Zwazi?**

**NAR.1: Olyodò, Kisa ou bay kochon-ou-lan manje?**

**NAR.2: Mwen pran tout dechè kisin mwen jwenn bò isit (anpil ladan-yo**

**se po bannann) mwen mete tout nan yon gwo chodyè epi mwen mete**

**dlo ak yon ti sèl) epi m'bay kochon'm-nan manje.**

**NAR.1: Eske ou bay kochon-an bwè kont dlo?**

**NAR.2: Ou konnen'm pa gen anpil tan. Mwen mete yon chodyè dlo nan**

**maten, youn nan apre-midi l'em tounen de travay mwen.**

**NAR.1: Olyodò, ou sonje lontan nou te gen yon agronòm ki te vizite'n**

**ki te di'n nou gen pwoblèm ak dlo-nou-an bò isit ki gen sèl**

**ladan'l paske nou fouye pi-nou-yo bò lanmè?**

**NAR.2: Wi'm sonje. Epi? Kisa dlo sèl-la gen pou wè ak sak rive**

**kochon'm-nan?**





*NAR.1: Ebyen, mwen pral esplike-ou. Ou konnen ke sèl se yon pwazon li ye pou kochon si bou bayli'l an grann kantite epi ou pa bali ase dlo pou bwè. Tou dabò ou bouyi res dechè kisin ak dlo salin-lan (dlo sa-a ki deja sale) ou mete sèl ladan'l lè fini ou bay kochon-an bwè dlo sale ankò e 2 fwa pa jou*

*NAR.2: Kisa pou'm fè la-a? Pa bay dlo sa-a ditou?*

*NAR.1: Premyèman, sispann bouyi po bannann ak sèl epi pran dlo pou bay kochon-an bwè nan yon pi ki lwen lanmè-an pou asire-ou ke dlo-an dous.*

*NAR.2: Mwen pral fè sa touswit. Men, janm wè kochon-m-nan, m' kwè sa twò ta pou li. Gen lè sèl-la fin anvayi'l.*

*NAR.1: Omwen konsole-ou Olyodò, ke jodi-a ou aprann yon bagay ki ka sèvi-ou pou tout lavi-ou. Se vre ke lesou sa-a koute-ou twò chè. Men sa p'ap janm rive-ou ankò.*

*NAR.2: Sonje, tout elvè k'ap koute-nou-yo. Sèl se yon mineral ke kochon-yo bezwen nan manje-yo, menm jan ak nou menm kretyen vivan. Sèlman, ou fèt pou mete yon ti kras sèl nan manje-an e ou toujou fèt pou bay kochon-an bwè dlo toutan.*

#### **KONTWOL: MIZIK APROPRIYE**

*NAR.1: Kounye-an nou pral fè yon ti pale sou swen espesyal pou moun ki trè malad.*

*NAR.2: Li trè zenpòtan pou yon moun ki trè malad bwè ase likid. Si moun-nan ka bwè ti kras pa ti kras yon sèl kou, bali ti kras pa ti kras souvan. Si'l preske paka vale, bali yon ti bagay pou'l bwè chak 5 a 10 minit konsa.*

*NAR.1: Mezire kantite likid ke moun sa-a bwè chak jou. Yon granmoun bezwen 2 lit likid ou plis chak jou e li ta dwe fè pipi 3 ou 4 fwa pandan jounen-an. Si ou ta remake ke moun ki trè malad-la pap bwè ase ou byen li pa fè pipi ase oubyen li montre kèk siy dezidratasyon ki vle di moun-nan pèdi twòp dlo nan kò'l,*



*ankouraje'l bwè plis. Bay moun sa-alikid ki gen bon pou li epi toujou ajoute yon ti sèl ladan'l.*

*NAR.2: Si moun sa-a twò malad pou'l manje manje ki solid, bali soup, ji, bouyon, akasan. Nou ka fè soup-lan ak ze, ak pwa ak vyann ki byen rache oubyen ti mòso poul. Si moun-nan ka manje yon ti kras bali manje ti kras pa ti kras plizyè fwa nan yon jounen. Eske gen kèk lòt bagay ou dwe fè pou yon moun ki trè malad?*

*NAR.1: Pwòte pèsonel pou yon moun ki trè malad se yon bagay ki enpòtan anpil. Fòk nou pran swen benyen moun-sa-a ak dlo kèd tou lè jou. Fè kabann kote moun sa-a kouche tou lè jou oubyen chak fwa li vin sal.*


*NAR.2: Nou ta dwe chanje Yon moun ki trè malad e ki pa ka vire poukont -li de pozisyon nan kabann kote'l ye-an. Sa se pou li pa gen blesi sou kò'l. Nou ta dwe kenbe sou janm-nou souvan yon ti moun ki malad pandan lontan.*

*NAR.1: Lè ou chanje yon moun pozisyon souvan sa anpeche'l trape nemoni enfeksyon nan poumon. Lè yon moun fèb konsa, e li rete trè lontan kouche li gen danje trape maladi nemoni (enfeksyon nan poumon).*

*NAR.2: Si moun ki malad-la gen gwo lafyè, li kòmanse touse, li respire vit, li pa ka byen respire, gen anpil chans se nemoni li genyen (enfeksyon nan poumon)*

*NAR.1: Sa sete kèk konsèy 3 pawòl te pòte pou nou sou: swen espesyal nou dwe bay yon moun ki trè malad.*

**KONTWOL: FEN PWOGRAM 3 PAWOL AK MIZIK PRE-GRAVE**



## KESYONÈ POU PWOGRAM 3 PAWÒL

1- Nan ki zòn ou rete \_\_\_\_\_

2- Eske kote ou rete-an ou tande pwogram agrikòl  
3 Pawòl la klè ?      wi      non

3- Eske ou ka tande Radyo Ayiti byen klè kote  
ou rete-an ?      wi      non

4- Ki radyo ki rive byen klè bò lakay-ou ?

\_\_\_\_\_ ! \_\_\_\_\_ ! \_\_\_\_\_

5- Kisa ou renmen nan pwogram 3 Pawòl-lan


\_\_\_\_\_

6- Kisa ou pa renmen ? \_\_\_\_\_

7- Eske gen kèk emisyon ou ta renmen tande  
yon lòt fwa ?      wi      non

8- Eske gen kèk bagay ou ta renmen chanje  
nan Emisyon yo ?      wi      non

9- Eske ou ta renmen fè echanj konesans-ou  
oswa kèk pwoblèm ou gen bò lakay-ou ak lòt  
zòn ?      wi      non



**10- Pwogram 3 Pawòl gen kozman sou :**

**Kochon ( )      Kabrit ( )      Chwal ( )**

**Poul ( )      Pyebwa ( )      Ijyèn ( )**

**Diferan Maladi ( )      Sante se Richès ( )**

**Konsèvasyon sol ( )      Konsey Pratik ( )**

**Kisa ou pi pito ?**

**Kisa ou ta vle ajoute ?**

**Bay non yo :**

---

---

---

**Manm IKA yo remèsye-ou pou repons sa-yo k'ap ede-yo  
fè pwogram agrikòl 3 Pawòl-la vin you pwogram radyo  
riral ki reyèlman osèvis kominote-a**







